

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Suluk Seh Siti Jenar

Sutarti



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

SULUK SEH SITI JENAR

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPBUDPAR

KEPUSTAKAAN
DIT. TRADISI DITJEN NBSF
DEPBUDPAR

NO. INV : 2169
PEROLEHAN :
TGL : 6-4-09
SANDI PUSTAKA :

SULUK SEH SITI JENAR

Alih Bahasa
Oleh
SUTARTI

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
**PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA
INDONESIA DAN DAERAH**
Jakarta 1981

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN DIT. SEJARAH & NILAI TRADISIONAL	
Nomor Induk	: 631/1984
Tanggal terima	: 4-8-84
Beli/hadiah dari	: Proyek PBSID
Nomor buku	:
Kopi ke	: 1

KATA PENGANTAR

Bahagiailah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seiring dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta 1981

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

1. Nahen wonten Wali ham beg luwih
nguni asal wrejid bangsa sudra
antuk wenganing tyas bolong
tarbukaning Hyang Weruh
Sunan Benang ingkang murwani
tatkala mejang tekad
muruk mirid kawruh
ring Jeng Sunan Kalijaga
neng madyaning rawa nitih giyota di
Sitibang antuk jarwa.

2. Mila mangke tyasnyarda kelair
umahywa tekad kajabariyah
kadariyah mangsud tyase
andhaku datullahu
budi eling den anggep Gusti
Pangeraning manungsa
isnipat rongpuluh
mawujud kidam lan baka
mukallapahlil kawadis nyulayani
gumlarnya barang anyar.

3. Kodrat iradat jumenengnya elmi
kayan samak basar lan kadiran
muridan ngaliman kehe
dwidasa cacah kaglung
rumaket ing bumi lestari
tegese wujud mutlak
dadya dat ranipun
tan wiwitan tan wekasan

nora sangkan nora paran ngenalyakin
ing tekad sipattollah .

4. Seh Sitibang manganggep Hyang Niddhi
wujud nora kang katon satmata
sarupa yayah dheweke
sipat-sipat mausup
lir wujudnya bleger tar kaksi
warnarda tarpa ceda
mulus alus lurus
kang nyata tan wujud dora
lirnya kidam dhihin jumemeng tan kari,
saking pribadinira.

5. Basa baka langgeng tampantawis
nora rumaket lara kapenak
jumeneng neng kana-kene
tan ikut nora iku
mokallapah lilkawadissi
pradikane prebeda
lan sakehe wujud
barang anyar gumlar ing rat
nyulayani sipat kahanan dumadi
jroning bumi-akasa .

6. Tembung kodrat kapasang pribadi
nora ana kang mirib kang madha
tur buda datanpa prabot
ngadam praptaning wujud
jaba-jero sebab sawiji
iradat tegesira
karsa tanpa ngrembug
elmu kawruhing kahanan
inggang pisah saking pancadriya tebih
ngungkuli punglu tinggar.

7 Kayad urip sarana pribadi
tes-tinetes kayunya pribadya
uripe nora nganggo roh

tan melu lara ngelu
sima bungah-susah norapti
jumeneng sakarsa-karsa
yeku kayad kayun
Seh Siti Jenar waskitha
tertela trang waskitheng jalma linuwih
marga ngaku Pangeran.

8. Salat limang wektu puji dhikir
prastaweng tyas karsanya pribadya
bener-luput tanpa dhewe
sadarpa gung tertamtu
badan alus kang munah karti
ngendi ana Hyang Suksma
kejaba mung ingsun
mider donya cakrawala
luhur langit sapta jro bumi tan panggih
wujudnya dat kang mulya .

9. Ngendi-endi kabeh sepa-sepi
ngalor-ngidul ngulon-ngetan tengah
kana-kene mung neng kene
kene wujudku dudu
anging jroku awang-wung sunyi
isi daging jerowan
rereged dalemku
dudu jantung dudu utak
ingsun ingkang pisah lir culing jemparing
Mekah Medinah kambah .

10. Dudu budi angen-angen ati
beneh eling pikir beneh niyat
hawa barat napas dene
suwung lan wang-wung dudu
wandaningsun jisim kawadis
tan wun dadya gusthika
besok mawor lebu
napasku mindraweng jagad

bumi geni banyu angin mulih asli
yeka anyar sedaya.

11. Wangsul ingsun dat kang muksmeng Widdhi-
pangeranku sipat jalal-kamal
nora karsa salat dhewe
nora arsa dhedhawuh
de wong salat pakoning budi
budi lanat musibat
tan kena kagugu
salin-salin parentahnya
mencla-mencle tatemeni nora dadi
tansah ngajak durjana.

12. Jroning salat budiku memaling
jroning dhikir budi nyidrasmara
kadhang melik amal akeh
seje datulguyubu
ingsun iki kang mahasuci
dat maulana nyata
kang layu kayapu
tur nora kinaya ngapa
mila Siti Jenar budi nuksmeng Widdhi
ngrusak gama Mustapa.

13. Datan nggugu prentahnya sibudi
jengkang-jengking neng mesjid ting krembyah
ganjarane besuk tembe
yen katarimeng laku
sejatine nora pinanggih
neng donya bae padha
susah samya mikul
lara sengsara tan beda
marma Siti Jenar mung ngantepi siji
Gusti dat Maulana.

14. Kang sudibya gunardika murti
tur kang mengku sipat kalindasa

atas sabarang karsane
kuwasa murweng kawruh
ing jalal kahar jamal kamali
nirmala muka warna
yayah kwulanipun
wahyeng angga tan katara
sekti murti mumpuni salwir dumadi
mindrawa Endraloka.

15. Yeka ingkang den anggep Hyang Widdhi
Seh Sitibang darmastutyeng karsa
sumarah ing reh dhawuhe
tekad jabariyah kaglung
kadariyah wimbaning lair
madhep mantep tur panggah
kuwat ing pangaku
kukuh kasmala nirdaya
angantepi urip prapteng layu yakin
tan mangran budi-cipta.

16. Ciptaning tyas Siti Jenar maks
wujudira den anggep Mukamad
mengku rasul sanyatane
Mukamad sipat kudus
anyar urip padha nganyari
rumaket pancadriya
sajatine gadhuh
yen wus kapundhut kang gadhah
dadi lemah bosok mumur dadi najis
paran dadya gandhulan.

17. Budi pikir angen-angen eling
tunggal wujud akal keneng edan
susah bingung lali sare
budya keh nora jujur
rina-wengi mangayu drengki
mrih harjane pribadya
rusaking lyan sokur

srei wekas nrak durjana
tur gumunggung umuk temah tibeng nisthip
ngalani wandanira.

18. Getun yen wus tumiba ing dhiri
seje dat wajibul mulyaning rat
mulyaning budaya kabeh
wandaning jalma amung
ana wujud karsa sawiji
iku bae tan bisa
ngakoni sadhawuh
roro maneh kuwawaa
lah ta endi pisahe dat lawan budi
supaya janma nrima .

19. Seh Lemahbang rumaket jatining
eneng sirnaning antaya mulya
dat kadimah budayane
dalilnya ramahetu
sah manganil kahub lirneki
uculing jemparing plas
gandewane embuh
srengat tarekat kake kat
myang makripat palastha tanpa kang budi
dat tujalilning wanda .

20. Lapal Allah tanpa warna kaki
sajatine bingung embuh nyata
anulya jumeneng wit bingung
dadya musamanipun
jati asma neng kalmisani
yantayumin kaolina,
cukul reh pamuwus
Muhamaddun Rasullullah
wujud kapir sipat jisim bosok mimir
mumur dadya bantala.

21. Seje kita mukmeng dat linuwih

kang sadarpa sakti dbyeng laya
midraweng rat Pangraningong
murba masesa ulun
sipat wadaniyat sawiji
Esa langgeng ngembara
angungkuli punglu
dudu budi dudu nyawa
dudu urip tanpa sangkan saking pundi
tanpaparan ing sedya.

22. Dadya sejati yayah wujud mami
tan rekasa kodrat warnanira
mlaya saparan-parane
nora nglak nora lesu
tanpa lara-lapa myang ngelih
gunardi karjeng kara,
adreng cipta luluh
lebdane saking jiwangga
tan ketara wahywanya nora nglabeti
panggya wus aneng kana .

23. Siti Jenar pamengkuning urip
aneng donya puniki pralaya
nyipta rinten-ratri maot
purwaning kuna idhup
ngunandika Pangeran Sitibrit
ngungun rumaket pejah
kyeh nraka kerasuk
lara-lapa adhem-panas
putek-bingung risi susah jroning pati
seje urip kang mulya .

24. Idhup mulya jumeneng pribadi
nora leantaran banyu bapa
sabarang karsane dhewe
tan asal angin bayu
bumi geni kabeh kawadis
alaming karusakan

kyeh siksa tinemu
Allah jumeneng sipat anyar
ngothak-athik ngetutken panggawe silib
durjananing agama.

25. Punggung mudha wong kedhadhung budi
cipta iblis lanat pikir setan
angen-angen jaba gedhe
nenuntun maring dudu
wong ketiban naraka api
saka panggendheng driya
ngraket catur nepsu
ireng abang kuning seta
pira-pira maleksa makethi-kethi
rumasuk mring jiwangga.

26. Getun temen uripku ing nguni
tetep sukci tan kacakrabawa
nora arah nora enggon
ireng bang putih embuh
iji biru dadu myang kuning
kapan sun bali marang
uripku rumuhun
wahyeng pati madyapada
kok mangkono rasane wong darbe pati
wong mengku kayad anyar.

27. Kayun anyar kodrat iradati
ilmu samak basar myang aliman
ngrekasa temen rasane
panca-pranawa kudu
kabeh wandaningsun sekalir
jro-jaba ora ana
kang ginawa mantuk
kanggo uripku neng kana
datan kena kabeh iki wujud najis
jember tur dadya wisa.

28. Rupa-rupa gumlar jroning pati
pati donya ngraket pancadriya
nganggo kayad kayun kiye,
cacah sipat rongpuluh
meh kapencut dereng sun mati
panasaran mayuta
swarga-nraka gunggung
kabeh iku kena rusak
wujud bathang reged arus amis bacin
cocok daliling Kuran.

29. Wahama ngamaluje patuni
gumlaring alam donya gusthika
lah bener temen maknane
mayid pating bilulung
ngetan-ngulon angupa dhuwit
busana wastra mulya
sesatya mas mancur
datan wruh kabeh gusthika,
nunggang kreta siyas bondhi iku mayid
prandene ambeg siya.

30. Wong den seba ngedhangkrang neng kursi
sugih bandha wismadi rinengga
bungah temen panganggepe
apa ta nora weruh
barang gumlar donya sekalir
yun pulastha wor kisma
prandene gumunggung
ojo wlas temen sun padha
nora weruh ciri yen wandana mayit
de harda kumawawa.

31. Drenging cipta Jeng Pangran Sitibrit
kayun kayad mampir raganira
nyipta kesasar parane
donya-neraka agung
mengku pancadriya kawadis

lumyat gumlar ing jagad
surya surup-surup
wulan isining donyarja
rajabrana dadya panggodhaning pati
marma tekad pulastha.

1. Derambeg ulah jiwita
Seh Siti Jenar kaesthi
mrengkang saking Wali sanga
jemak kiyas dalil kadis
tumular nyakrawati
kasub kasumbageng catur
budyarda widayaka
gunardika ngatas kawrin
kang cinipta donya ingaranan laya .

2. Ironing pati swarga-nraka
bagya-cilaka pinanggih
yeka gumelaring donya
cocok dalil smarakandhi
analmayid pikubri
wayajidu kalibahu
satuhune wong pejah
rumaket jiwangga manggih
geganjaran swarga lawan nraka .

3. Iya iku sapunika
wus pira-pira nandhani
suprandene Wali-sanga
akeh kaliru nampani
mangkya ingaran urip
besuk den arani lampus
mangka Seh Lemahabang
rinten-dalu, mardi budi
guna dibya ing kawruh muksaning angka .

4. Muridnya Jenar sekawan
kang wus bijaksana kakiki
juga wasta Ki Busana
Ki Wanabaya kekalih
Ki Canthula kaping tri
Ki Pringgabaya ping catur
punika kang wus pana
pramanem tekad sawiji
mantep tetep kamulyan ing tembe gesang .

5. Donya ingaranan pejah
mengku ala lawan becik
lara-kepenak myang bagya
cilaka nraka-suwargi
tetep sajroning pati
marma kabeh kang wus gilut
ngraket kawruhnya Jenar
rinten-ratri minta urip
tan kawawa nglakoni pati neng donya .

6. Kathah para siswantara
manoa-desa manca-nagri
ngatas pojaran mulyarja
anom-tuwa jalu-estri
reraton ulah mardi
de wewejanging kawruh
Lemahbang ring sekabat
winruhken purbaning urip
kaping kalih wruhken pelawangan gesang.

7. Ping tiga panggenan benjang
urip langgeng tan pantawis
ping catur panggenan pejah
kang linakon ing semangkin
lawan malih paring wrin
jumenengnya kang Mahaluhur
dadine bumi-kasa
para murid ingkang tampi
kathah siswa kang nglalu golek prakara.

8. Liwung aneng marga-marga
yayah kunjana ambeg diri
lumaku tan gelem nyimpang
nekad nunjang cipteng galih
pamrih karampok nuli
mulih marang tetep idhup
tan betah aneng donya
darpa ngupaya yun panggih
samy a gila sedaya nukarta.

9. Ing pasar geger puyengan
wong nekad ngupa prakawis
mamrih songkolan tabokan
pepenthungan ngunus keris
gya konjuk sribupati
tumulya dhedhawuh mikut
kacekel gedheng asta
sekala laju den sepir
aneng buwi samya manglalu pralaya.

10. Tur dereng nganti kapriksa
ketrangan sedyaning kapti
denira karya ruhara
srinarendra dhawuh malih
kinen ngupaya murid
Seh Lemahbang kang majenun
yuh kapriksa ingkang trang
dupyantara ari malih
nuju pasar ana catur sabat Jenar.

11. Karya dedrah murang kaprah
gya cinekel ing panjagi
Bintara wus.tinalenan
katur ngarsaning narpati
kapriksa paran marmi
murang silaning tumuwuh
mangsuli tanpa krama
mung ngupadi dalam urip
nora kuwat lama nglakoni palastra.

12. Ingsun muridnya Sitibang
kang gunardika reh elmi
putus duga lan watara
tetela ing donya mati
jleh bosen sun umaksi
gumlaring bangke ting blung
mayid sapirang-pirang
ratu pangulu pepatih
jaksa kabeh susawa temeh guthika.

13. Pra oliya Wali-sanga
santri-santri kyai-kyai
batang kabeh nora wikan
prandene paksa ambleg dir
kumawawa wong mati
pinardi sembahyang sujud
manembah nama Allah
sejatine donya iki
nora bisa weruh sipatnya Hyang Suksma.

14. Guyub muridnya Seh Jenar
marang kramaning lestari
estri-priya beg barama
marma kyehe prakara dadi
daredah kadya baring
warna-warna ngupa layu
ana ngajak sudukan
tumbak pedhang cipteng galih
supayane mulih marang jaman gesang.

15. Murid kang tan nglalu jiwa
ngumbar wicara tan apti
marang tangga-tangganira
mangkana wuwusnya murid
heh kanca-kanca mami
ana dene kawruhanmu
sira keneng pitenah
pembujuknya Wali mukmin
kang supaya ngereh tan nganggo prabeya.

16. Semana Sultan Bintara
sadarpa ngungun ing galih
dupi kathahing prakara
saben-saben tampi warti
ing mancapraja desi
ana wong liwung reh dudu
ngrusak arjeng pranata
ngayu pati lir punagi
wong kunjana muridnya Seh Sitireta .

17. Sedene srinaranata
tampi pratelaning patih
lapurnya pratinggi desa
wonten durkertateng bumi
datan mamrih punapi
mung ngupadi marga layu
sabatnya Pangran Jenar
nata-gya ngandikeng patih
heh ta paman sira nglakokna duratma .

18. Caraka nrang kartibaya
sandi tarek talbul ngelni
marang dhukuh Krendhasawa
ring wismeng Pangran Sitibrit
pethuk myang slajeng warti
derandum kawruh beg guru
mahywa mejang penasar
geseh ngadating leluri
matur nuwun sandika kyanapatya .

19. Manuding kalih punggawa
kang ahli rasaning elmi
tur wong gunarda susastra
surtining sedya winangsit
sendika wisata glis
lestari prapteng dhedhukuh
wus panggya ngataskara
ing reh lukitaning kapti
Pangran Jenar sigra jarwa tanpa warna .

20. Kathah panunggilanira
sesarengan tampi elmi
dupi wus trang Cakrakarwa
pamitan mantuk lestari
tantara aneng margi
prapteng Bintara cumundhuk
ngarsane kyanapatya
gya den irid manjing puri
konjuk nata matur lampahnya dinuta .

21. Purwa madyaning wasana
langkung ngungun sribupati
ngandika heh paman patya
paran pamunahmu dadi
sranane brastha weri
Sitibang maling majenun
menawa ngambra-ambra
buka rusiyaning bumi
kyana patih matur dhuh Gusti prayoga.

22. Paduka pribadya panggya
matur pramodaning wali
wonten durtaning agama
murang pranataning dini
rehning punjika mukmin
tur antuk asma kasebut
Pangeran tandha muktas
kawruh susilaning gami
ngatas karsanira Kangjeng Wali-sanga.

23. Pethuk narendra busana
rumanti tindak ing masjid
tantra prapta tur pranata
pra wali kurmat sing linggih
gya salaman waradin
gantya-gantya nulya lungguh
parek lang srinarendra
cinakra na karya gati
Wali-sanga reh lukita pasang karna.

24. Nulya Sinuhun Bintara
matur ing Benang sang yogi
pukulun atur uninga
ing waktu mangkya keh jalmi
nglebur pranateng adil
brastha silaning tumuwuh
sekel mlija nukarta
suda kertataning grami
praja rangka gempal harjaning widada.

25. Pasar-pasar marga-marga
dhusun-dhusun tegal sabin
pundi nggen pangupajiwa
kadhatengan janmi karti
mangarep enggal mati
dereng panjagi amikut
kula priksa aturnya
angupadi dalam urip
piyambakipun donya ingaran pralaya.

26. Sesambatnya boten kiyat
kadangon rumaket pati
tandang bisana beg durga
yayah rasmala met pati
salajengipun manjing
panjara neng buwi layu
sampun kathah lepiya
mekaten wahywaning pamrih
dene dhusun ayon sami ngrampok siya.

27. Dadya tawuran bujana
datan kendhat siyang-ratri
kula upadi kang murwa
weh kawruh mekaten panggih
Jeng Pangeran Sitibrit
kang kondhang jumeneng guru
kagugu para mudha
temah murangsileng urip
reh wejangnya donya punika guthika.

28. Kawula lajeng nyundaka
kita purih manjing murid
dwi Gunasrana Bijaksa
sampun kawejang nampeni
tiyangipun puniki
kang kula kinen geguru
dupi sampun matur trang
amta lajeng sowan mriki
ngatas karsa sarehning bangsa uliya.

29. Lamun kula rudapaksa
tindaking nagari krami
pinten bobodnya Seh Jenar
Sunan Benang ngandika ris
bener jebeng narpati
kudu rembug Wali-Wolu
sebab Pangran Lemahbang
wus jumeneng wali luwih
yen mengkonono sun pribadi kang utusan.

30. Wis Sultan sira kondura
tembe yen ana gineming
jebeng pasthi kaaturan
tibaning krampungan mesthi
sandika sribupati
mundur wus datan cinatur
ucapen Wali-sanga
samy gusthi ingkang dadi
sayogyarja mahyeng kukum madya-tama.

1. Kangjeng Sunan Benang ngandika ris
heh kanca mukmin paran sayogy
Pangran Jenar karya dede
mindaka tameng kawruh
ngelmu srengat sintruning lair
parentah subkanallah
nyegah dursilayu
mamrih sampurnaning gesang

mangkya Sitireta yun buka wewadi
babar wadining jagad.

2. Srengat Nabi Mustapa weradin
midraweng rat ngluhurken Pangeran
sarana salat pujine
junjung kraton Hyang Agung
brastha weri tobat mring masjid
supaya pra widada
idhup pranteng layu
kagantungan swarga-nraka
wus binantu wong Jawa keh ngleksanani
wirya tentrem sukarta.

3. Mangke Jenar miyak aling-aling
miridaken ilmu ngrusak sarak
kadipundi sayogyane
lah punapa karampung
punapa ta dipun timbali
tanggap Jeng Kalijaga
reh prayoganipun
katimbangan ngaben rahsa
yen tan arsa pining sasmita gaib
kinen mancas kang cetha.

4. Leres-lepat pangecupnya misil
sasaged-saged winulanga
ywa kalurung ilmu aneh
lamun maksa beguguk
kula miwah sakanca wali
prapta ngampil krampungan
wedananing kukum
de lamun pareng ki lurah
kang kautus murid kawula kekalih
Pangran Bayat Seh Dumba.

5. Aben rahsa sasmita kang gaib
nulya Sunan Benang adhedhawah
Pangran Bayat wus cumaos
lan Seh Dumba neng ngayun
liningan heh Pangran sireki
sun duta ngataskara,

panggya wong majenun
kang dhedhukuh Krendhasawa
Seh Lemahbang kang harda mindakeng gami
timbangan mring Demak .

6. Lamun mopo paringana misil
lambang sasmita patang prakara
konek ngecup sabenere
lan jarwanana hayu
yun punapa derambeg tikin
sudarnaning suksma
dalil Kuran sun wruh
pira-pira cecegan
lamuh meksa mredut silaning agami
enggal nuli baliya.

7. Lakunira jebeng sun kantheni
Ki Seh Dumba kalih wus sandika
lumampah amung wong loro
tan dangu karwa rawuh
dhukuh Krendhasawa umanjing
bale langgarnya Seh Bang
salam ngalaekum
pinuju Seh Jenar lagya ingkang
sung sajarwa murid anyar ingkang manjing
neng sadaleming langgar.

8. Marma datan open tamu prapti
mung marsudi denira memejang
para murid lanang-wadon
Pangran Bayat ping telu
uluk salam tan den wangsuli
laju mlebu kewala
karwa jajar lungguh
brasta silaning pranata
Sitijenar nora ngengewa sedami
tansah pambengatira.

9. Nyambung sabda Pangran Bayat anging
heh anak Seh Jenar praptaningwang
dhapur lumaku sapakon
pra wali sabiyantu
animbali mring sira nuli
kerida laksitengwang
mandheka caturmu
rengen sabdeng Wali-sanga
wantu-wantu nora kena mopo karsi
kagya Seh Sitireta.

10. Heh paman sira lumakyeng tuding
Wali-sanga nimbali maringwang
bab iku apa perlune
sanadyan parilatun
sun tan arsa reh dudu abdi
kita nora kaprentah
jer wali lan ingsun
padha daging wujud bathang
sawetara engkas bosok dadya bumi
kok cumanthaka angundang.

11. Ngong neng luhur bumi ngisor langit
darbek ingsun pribadi purwengwang
surya candra mlaku dhewe
tandhane ngguni suwung
nora kantha tan ika-iki
dupi ngong prapteng pejah
neng donya dedulu
mubarang isining donya
ananingsun dene kere melu darbi
padha lan Wali-sanga.

12. Nimbale wong kang mudha pingging
pasthi gelem sowan dherakalan
saking wong cubluk budine
seje kaya wakingsun
wong waskitha surtyeng pangesthi
sudibya mardiguna

tan kena kasedul
kapusan wong santri nglompra
sulap palsu ngaku cedhak Mahasukci
tan wruh wandane bathang,

13. Ider elmi saben wong den doli
kinen nembah Hyang mring masjid Demak
jrone ana Allah goroh
sun nguni melu sujud
prapteng mangkin getun kapati
tan wruh kuwandaningwang
lairnya Hyang Agung
anane jeneng manira
mangke kena ngarani kawula-Gusti
reh aneng jaman pejah.

14. Besuk yen wus sun pribadi urip
tamtu tan ana Gusti-kawula
mung kang urip ingsun dhewe
langgeng tan ana layu
judheg mikmat neng tepet-sukci
marmengsun harda susah
sedhik mengku layu
rumaket swarga-neraka
panasaran pira-pira jaman pati
yeka dony punika .

15. Nora betah sun neng riki mati
kapengin mulih jumeneng gesang
jaba-jero nora duwe
dene kene kemaru
jawi kalbu kawula-Gusti
mengku lara-kepenak
sajroning sun layu
heh Pangran Bayat nek sira
nora wikan wuwusku mengkono iki
tetep sasar sewu mati.

16. Pantes bae seneng jaman pati
kasenangan sarwa-sarwi ana
panoadriyamu nenonton
kupingmu krungu angklung
jroning ati wruh gendhing bribil
nadyan ati ngulama
kethuk kenong ya wruh
rumesik nuci wedana
esuk-sore kicah-kicah sabeng warih
kinarya mrada raga .

17. Sajatine budimu pranatis
abalithuk nasarake umat
jengkang-jengking esuk-sore
jarmu ganjaran besuk
swarga-nraka kanthil rumakti
wong nganti keranjingan
dening ujar palsu
kaseb sembahyang trataban
wus mengkono wong keneng pambujuk eblis
gebas-gebes dhikiran.

18. Apa tan wruh yen wandane daging
otot balung sungsum bakal rusak
priye lehm u ambecikake
nadyan salat ping sewu
sadinane tan wurung mati
awakmu kang kapulas
bakal dadya lebu
jer wandanira gusthika
apa wali mulih bisa nggawa daging
paman iku wis ora.

19. Lah bok aja dahwen marang mami
nimbali Seh Jenar wong bijaksa
manawa kwiyak warnane
palsune nora payu
lamun nganti akeh jalma wrin
jer wali kabeh krenah

ngapusi wong cubluk
coba sira Pangran Bayat
sun takoni apa wus wruh Mahasuci
pethekku durung priksa.

20. Aja maneh rupane Hyang Widdhi
malaekat bae durung wikan
nadyan malaekat kang copot
sireku durung weruh
mung bingungmu dhewe kopikir
ngupaya Gusti Allah
tan bisa ketemu
kana-kana ora ana
kene dudu temah budimu keesthi
ngangen-angen Pangeran,

21. Kagyad Pangeran Bayat nabda aris
myang Seh Dumba nglairken panedya
heh Seh Jenar ywa mangkono
paduka sewu kliru
donya iki ingaran pati
ana swarga-naraka
iku tembung luput
nora kaprah jamak kiyas
dalil kadis sulaya kang sira esthi
nut pikir kurang arja,


22. Mangkya srengat Arab meratani
Tanah Jawa temah narik tama
kabeh wus hayu budine
mangke sira mathungul
kabul wrata mancanagari
memuruk ngrusak sarak
donya aran layu
akir ingaranan gesang
swarga-nraka katemu ana ing ngriki
yeka wong nglebur kaprah.

23. Katampunan wong kang mudha pingging
mangke harda wong murang kertarta
awit wejangta mangkono
lah endi gandhulanmu
Kuran apa kadis punapi
dene tan lumrah kathah
Lemahbang sumambung
o, o dene sira tuna
dadya wali tan weruh unining tapsir
becik dadiya bujang.

24. Abelayang luwung angger urip
yen tinari mati kipa-kipta
ambegmu pasrah jiwane
kapundhut rintendalu
lega lila wuwusmu kidip
tur weruha ngrejahan
dijaluk nyawamu
lah iku bedane apa
bujang Baujayan karo para wali
yeka lah lagi padha.

25. Heh Pangeran Bayat sira yun wrin
gegandhulanku mamet kitab apa
e, e bodho temen kowe,
lehmung ngaji geguru
wong Samarang prapta ing ngriki
pruwita ngelmu rahsa
dene sira limut
ngesthi catur ngayawara
dalil Kuran nora pisan sira budi
mung mestu swara dora.

26. Nora pisan nyukmeng tyas utami
yen mangkono ciptamu kesasar
luwih becik dadi kadhet
iku wong dhemen idhup
nadyan ngutil anggere urip
warokan Panaraga



kang kaya tekadmu
ngaku wali luwih gampang
suprandene kaget wruh klakuwan mami
mamet sorah musakap.

27. Rungokena rapale kang muni
kayun dakim lamatuha badan
kang mangkono pardikane
bangsa urip tan layu
langgeng ing salaminira urip
mila donya punika
dudu aran idhup
pratandhane sira pejah
aneng donya donya ingaranan pati
lah paman rasakena.

28. Wal mayittu pingali milkubri
yujidu kalibahu tegesnya
wong neng alam kubur oleh
awak-awakan nemu
marma tanpa nraka-suwargi
wruhanamu samangkya
Pangran Bayat muwus
lah endi swarga-neraka
sun yun weruh duduhena sun catheti
katur ing Walisanga.

29.- Pangeran Jeanr angandika malih
mring kang paman Pangeran Tembayat
mangkana pangandikane
heh paman wruhanamu
swarga-nraka wujud kekalih
tur saking kadadayan
kitab Mupit nebut
analjana tuwannara
wujudani m aklukatani lirneki
alana sapunika.

30. Swarga-nraka samya wujud kaksi
tur ndinadeken mangke iya
ingsun kiyas planggerane
kabeh wujud kang lebur
tandhanira sawarga-manik
ngong bengkas babar pisan
sawarga kang luhung
seneng lan condhonging manah
nora kurang wong neng kreta brebes mili
ojogan ngura-ura.

31. Gandhang sindhen gendhing Jenthikmanis,
giyak-giyak nem bang lan lumampah
kinanthi melung swarane
tan dumeh wong memikul
gendhong nyunggi barang nyenyangking
ojogan mring ing Demak
ana swarganipun
reh seneng parenging prana
turu sewan bantal dhingklik akeh tinggi
jro jiwa sukawirya.

32. Wong neng swarga barang sarwa-sarwi
yen lelungan kapenak kang badan
bendhi kreta gledheg-gledheg
yen nerakane rawuh
brebes mili sagarwa-siwi
wus pira-pira lunya
mokal sira tan wruh
kadhang nglakoni wus paham
nora susah paman sun jerengi malih
kang muruk marang sira .

33. Marma wus tetela donya iki
jeneng pati mengku swarga-nraka
para mukmin wali bangke
nadyan saiki durung
nora suwe bakal nemahi
ingsun lan sira padha

gusthika lelaku
lan elinga ywa mengkana
kumawana dadya kongkonan sumrinthil
mung dupahi carita.

34. Sang Seh Dumba anambungi angling
aduh Kangjeng Pangeran Lemahbang
bok sampun mekaten angger
kaprah punika unggul
nadyan leres namung sakedhik
salah mratani jagad
tur sajatinipun
klintu pamurading Kuran
kalih dening malih jumenengnya gami
antuk bebaluh nata.

1. Jeng Sultan Adi Bintara
nyantosani Arab hukum agami
sing sapa nacad geguyu
tentu antuk siyasat
boten yoga boten kiyat kawon guyub
srengat wor nagara krama
tan gandra sapin ten ngriki.

2. Punapa boya kengetan
brastha Majalengka purwaning santri
suprandene sirna larut
katempuh sabillollah
tur narendra binathara sugih wadu
angreh pra bupati aya
boten kwawi mengsah santri.

3. Reh lagi jinurung ing Hyang
gama Arab awrat tataning bumi
mula ing mangkya dika yun
mindakeng Wali-sanga
boten wande Krendhasawa dadya awu
agama rumaket praja
lan engeta narik yakti.

4. De paduka mengku tekad
kang mekaten yogya kagem pribadi
sampun kinarya memuruk
ring siswantara mudha
reh ruhara daredah dadya majenun
suda widyaning widada
druhaka gung manjing sepir.

5. Wonten kang dadya tawuran
tur karampok sinempal-sempal mati
wong karya ruhareng dlanggung
pasar-pasar sungkawa
de hardawalepa denya gilut kawruh
nadyan ngupa-dalan laya
nanging penasar kang margi ,

6. Saru pocapaning wuntat
kondhang catur terah turuning weri
weri-werining praja gung
kagunggung murang arja
ngrusak karta saruning jana sawegung
wong yun sae wonten ngrika
kedah sae wonten ngriki ,

7. Ucapan para sekabat
Seh Sitibang sekawan kang wus muksis
tan tebih marek neng riku
wasta Ki Pringgabaya
dupi mireng sabda Seh Dumba gya nambung
nabda kaduk manuhara
heh kadang Dumba prayogi .

8. Atur dika mring Jeng Pangran
sarta leres-leres dika pribadi
jer sampyan seneng tumuwuh
neng donya barang gumlar
sarwa-sarwi bangsa wastra bagus-bagus
gampang ngrenah adol ucap
sasat buruh adol trasi.

9. Wirang-isin angger gesang
lamun murid Sitibrit kang wus muksis
ring rerupan tan kapencut
aseneng gumlaring rat
mung angesthi trusthaning tyas tembe idhup
mangke jiwarningsun tunggal
lan bathang kang jejemberi .

10. Sabisa-bisa kumedah
ngupa-marga direngsun ngupa-urip
jiwengong boten andulu
kanunutan bebathang wuda
wuda ngelih sun katempuh lurus butuh
sanadyan ana Pangeran
nora kena den jaluki .

11. Jaluk bebed jaluk sega
nora oleh katempuh sun pribadi
jarik klambi iket sabuk
tuku marang prombengan
ingsun ngelih jajan sega iwak-duduh
kapriye gonku mangeran
Allah-Allah ketan lopus .

12. Pinuji sinembah-sembah
jebul ora bisa aweh rijeki
temah katempuh uripku
ngupaya saben dina
dijaluki maring mayit daging nunut
kang bakal sun tinggal bathang
tan kena ginawa malih.

13. Heh rasakna Ki Seh Dumba
catur kita lebokna sanubari
yen wus trang buwangen semprung
rehning tan seneng sira
mung anggugu bathangmu kogawa mantuk
mring akerat gawa bathang
nora wurung mati malih .

14. Jer ciptanta mring sawarga
kotemeni gawemu jengkang-jengkang
kicah-kicah keceh banyu
yen wis nuli sembahyang
marep kulon reh kulon enggon Hyang Agung
nanging koyaluki sandhang
pangan pesthi ora oleh.

15. Lamun pangajaringwang
Seh Sitibang donya ingaranan pati
marma tan ana Hyang Agung
malekat donya sonya
nanging besuk yen urip ingsun katemu
kadhang sun jumeneng Allah
lah ing kono kita mulih.

16. Yen saiki kinen nembah
maring masjid ingsun dudu wong Kapir
kapiran Pangeran embuh
buh kene embuh kana
wus mengkono yen lakune santri gundhul
gegandhulan kandhilollah
mendem Allah wuta-tuli.

17. Seje sun murid Seh Jenar
nora nggugu catur yen datan uning
ngukuhi sarengat durung
yen bakal tembe tuna
heh ta Dumba kabeh pikiren wuwusku
jro dhadhamu ana Kuran
rujuke Seh pesthi uning.

18. Pangran Tembayat ngandika
heh wis padha menenga ywa cariwis
mung anak Jenar karepmu
katimbangan ring Demak
apa gelem apa mopo ngong yun ngrungu
ywa kakehan mendhar cipta
padu balung tanpa isi.

19. Pangran Sitibang wacana,
o, o dene ngeyel temen sireki
wong dadya duta mung tutur
sun tan gelem tumrapta
aja ingkang ajur mumur dadya glepung
manira pasthi tan sumlang
malah bungah kita urip.

20. Sun mati sugih druhaka
rina-wengi rumaket nraka-api
lara-kapenak tinemu
bungah-susah sun sandhang
seje lamun kita mahywa saking lampus
tumeka urip sampurna
langgeng nora ika-iki.

21. Pangran Tembayat nabda
leh anakmas tetep sira wus beling
lumuh kareh ambeg liwung
tan singlar lara-lapa
yèn mangkono karsanira ingsun sokur
kejaba iku sun tanpa
welingnya Jeng Sunan Kali.

22. Kinon maringken sasmita
patang pasal cupen ingkang patitis
siji bab kala Hyang Agung
karya gumlaring jagad
prabot apa barang apa bakalipun
loro bab kimen tetanya
endi omahnya Hyang Widdhi.

23. Telung bab kalonging nyawa
saben dina nganti entek mring endi
catur bab kang Mahaluhur
rupane kaya ngapa
Pangran Jenar manthuk-manthuk guyu guguk
iku cangkrimaning bocah
gya lon reh nambung maring murid.

24. Ki Bisana kang neng ngarsa
heh Bisana babaren lambang iki
reh cangkriman remeh cubluk
kowe bae kang mancas
lah majuwa sira dadya wewakilku
matur sandika Krepana
ngangsek kepara neng ngarsi.

25. Munjuk yayah madubranta
dhuh Jeng Pangran Tembayat amba darmi
mituhu dhawuhing guru
mancas sasmita tuwan
lamun lepat sayekti meminta ampun
pinten bangga kaleresan
kula tiyang daya pingging.

26. Janma sudra turun desa
nora karya kuthung silaning krami
sajeg-jumbleg ing dhedhukuh
tuna pasang wicara
dereng nate wrin pasamuwan janma gung
tamtu kirang yudapraja
wimbaning ling tuna luwih.

27. Tur gumeter guragapan
glogap-glagep kuwur kaworan ajrih
jirih jaragan wong dhusun
sampun kirang aksama
budi kethul kithal grathul lantih blilu
kajibah sumanggem karsa
wakilnya jeng gurunadi.

28. Kasikuning tuna krama
dadya wuruk kulesthi jroning pati
kepatuh salaminipun
Pangran Bayat ngandika
sun tarima sadurunge wahyeng wuwus
wus jaragan kowe desa
cingkrang kramaning priyayi.

29. Malah yen bener sabdanta
ingsun gumun mring sira kopratitis
luput kleru panggonanmu
lah wis pecahen mara
Ki Bisana sendika bab kang rumuhun
Allah kang akarya jagad
punika sayuta kidib.

30. Jagad-rad punika anyar
Gusti Allah boten karsa kawadis
dalilnya layatadkiru
ila muhdis tegesnya
boten karsa dedamelan barang wujud
menggah dadosnya alam-rad
wus yudriku mahiyati

31. Liripun manggih kahanan
alam-donya punika la-awali
tan wonten wiwitanipun
kathah yen kula babar
bok menawi kertas sakendhang tan cukup
met wewaton saking Kuran
anyaring alam saksalir.

32. Kang kaping kalih pralambang
tuwan tanya wismanira Hyang Widdhi
bab puniku boten ewuh
Allah manuksma ing dat
dat wajibul wujud pacangkramanipun
la jamana la makana
munggeng dat wisma kakiki .

33. Kathah manawi kabuka
boten cukup kertas pos pitung kodhi
samanten kewala kacup
gantya lambang kaping tiga
longing nyawa rinten-ratri ngantos puput
dhateng pundi sirmanira
iladalah langkung gampang.

34. Nyawa boya saged suda
boten wewah gingsirnya karsa mulih
saking pejah dhateng idhup
langgeng tantara lama
yen kalonge sasat kawadis mathuthuk
gripis lir den mangsa rayap
panjang yen kawula tulis .

35. Nadyan kula sudra desa
nanging putus parama-basa Kawi
krama ngoko nawung kidung
lagu Sansekrit tembang
boya kewran ukara anjereng ejum
nadyan dede empu jangga
widayaka sawatawis.

36. Cukup silaning disastra
pawiyatan Pangran Sitibang ngenting
siswa ngataskareng tuduh
kang ngajar lwih bisana
ing kang tanpa yayah jamuna beg cukup
mardi gunardi kapasang
karna jiwatma nampani.

37. Patanya kaping sakawan,
mundhut priksa warnanya Mahasuci
kitab Hulumodin sung wruh
wallahu lahirpinsan
watinulinsan, baetullilahu
jarwanya jaba manungsa
puniku warnaning Widdhi.

38. Batining janma wismeng Hyang
kathah-kathah jarwanya Hulumodin
yen kula tur priksa bingung
paduka boten tanpa
bokmenawi kula kagalih majenun
wejangipun Seh Sitibang
kang sampun amba tampeni .

39. Mila yen amung penanya
kang kadi yeka kula sakethi gampil
kagulung gilig lir punglu
kabengkas sirna ilang
temah wang-wung klowonganing jagad suwung
yen kajereng rad ibekan
mekaten kawruh Seh Abrit.

40. Purweng manungsa winejang
wijang-wijang siswa gampil nampeni
sora cetha boten bingung
ing reh jiwita tama
tameng budra saking layu prapteng idhup
wela-wela kasatmata
ngegla kenging den sekseni.

41. Tanpa sintru tanpa lambang
ngeblak blaka-suta boya met pamrih
sirna panyakraning bujuk
lan sukrenah blas ilang
saya lawan guru-guru sanesipun
ting klesik lir adol dandang
tur datan sepi met pamrih.

42. Kula sampun rambah-rambah
puruhita winejang wali mukmin
winruhken Mukamad Rasul
Allah Pangeran amba
wahyeng sabda nenuntun kawula bingung
kodheng mirang-miring ngawak
ngawur pepathokan sepi.

43. Ngelma Arab dados Buda
Buda mokir pamet waton Jeng Nabi
tapa matiraga ngluyur
mubeng ngiras papriman
lamun kawruh Arab sirna tapanipun

kejawi wulan Ramelan
cegah bukti boten apti.

44. Nanging wali maksih Buda
tandhanipun sring manjing marang sepi
guwa-guwa kayu watu
gunung alas segara
linebonan gentur karsa ngiras laku
pamrih katemu Hyang Suksma
yeka kedhadhung ijajil.

45. Critaning para ambiya
boten wonten kang cegah mangan mutih
ngluwat melek cegah turu
puniku boya klampah
kajawi wong Buda badane winasuh,
lah sumangga kagaliha
pamancas kawula misil.

1. Langkung wagugen ing galih,
Jeng Pangran Bayat Seh Dumba
wrin pamecahing pasemon
amung muridnya kewala
panengran Ki Bisana
makaten pangawruhipun
saiba Seh Sitireto.

2. Ngunandika jroning galih
tuhu mardiguna-dibya
Pangran Jenar samuride
trustha budyambeg widada
ing kene-kana kena
layak bae tega layu
bajaksaneng kawruh mulya.

3. Semana duta kekalih
dupi sampun tetela trang
elmu myang kelakuwane
Siti jenar muridnya
sadene mecah lambang
tumulya pamitan mundur
Pangran Bayat lan. Seh Dumba.

4. Nanging datan den wangsuli
laju mundur palarasan
neng margi grenengan karo
Seh Dumba matur Jeng Pangran
kula biyantu tekad
yen makaten kang tinemu
karya trimaning wardaya.

5. Para siswa angantepi
saking judheg reh pamardya
Pangran Jenar wejangane
upami kula mruhita
balik mestu sukarta
neng ngrikyamba yun mituhu
wangsul brangta mareng ngelma .

6. Pangran Bayat langkung wengis
ngandika dhateng Seh Dumba
heh Dumba aja mengkono
nguni sira bangsa sudra
ing mangke manjing waswa
kawiryen jenengmu arum
wus dadya santri suhada .

7. Paran karya malih kapti
mituhu Seh Lemah Lincat
ngelmune tan lumrah ngakeh
de sirarsa muruhita
ing Demak kurang apa
barang kawruh nora ewuh
kadibyaning Wali-sanga.

8. Wus payo enggal lumaris
ngleksanani reh dinuta
tan antara laksitane
prapteng Demak nuju pepak
pra wali lenggah rampak
neng surambi samya gugup
wrin cundaka dwi tumrapta.

9. Wusnya samya krameng mukmin
sinreng wigantining sabda
ring Jeng Benang andikane
heh jebeng Bayat kaya apa
duta ngatas wikara
katemu Seh Lemahlempung
derarda kagila-gila.

10. Umatur duta kekalih
leres pabrataning warta
pra siswa sampun reraton
jalu-priya talbul ngelma
ing reh endraning laya
leres tekadipun idhup
donya puniki pralaya.

11. Kathah-kathah titi ngenting
purwa madyaning wasana
sadene wahyeweng pasemon
tumrecep kacup sadaya
tur wakil pamecahnya
muridipun kang kasebut
Ki Bisana nora karya.

12. Trah dama srawungan desi
prandene gunarda krama
yayah carakan karaton
cukat terampil trangginas
genep susila madya
kuciwa srengat kelebur
jabariyah kadariyah.

13. Rumaket kalih tan yukti
mrengkang saking Wali-sanga
mulyeng masjid badhe asor
brastha nembah rabulngalam
yen pun Jenar kapanjang
menggah latu dereng murub
prayogi siniram toya.

14. Menawi tembe malahi
dadya wong ulah pratiknya
ngrusak sukarta prajajeng
Wali-sanga temah ina
yen Jenar tan pulastha
boten wande hera-heru
rerusuh marang kertarta.

15. Yogya nunten deri lampahi
sirname kawruh dupara
wejangnya Seh Sityampo
Sunan Benang angandika
heh yayi Kalijaga
priye prayoganing laku
pandoning Hyang reh pidana.

16. U matur Jeng Sunan Kali
sae nglempakaken para
sagung mukmin ngulana kyeh
lan malih perlu katuran
Sultan Adi Bintara
klempakan wahywaning kukum
Siti Jenar den pancaka .

17. Yogi dinten benjing-enjing
pinrih rawuh wanci loka
nanging utusana mangke
Jeng Benang nud ing sekabat
wus winangsit reh kajad
ngaturi ingkang sinuhun
pra wadya wuwah praja.

18. Ing wanci tabastha enjing
pepak kang para uliya
lunggyeng srambi lir adate
satengah nawa Jeng Sultan
patih pangulu jaksa
rawuh para wali methuk
kurmat tataning ngulama.

19. Lenggah Kangjeng Sribupati
pra punggawa tata atap
jajar urut klenggahane
mukmin samya jawab-asta
mubeng ganti-gumantya
gya so ing wetaranipun
Sunan Benang angandika.

20. Heh Jeng Sultan marma sami
sun aturi siniwaka
neng srambi sapara-rate
yun ngrebug prakara durta
leres atur andika
Pangeran Jenar abeguguh
migena tindak agama.

21. Kita wus nyundaka maksi
elmu kalakuwanira
dera memirid muride
tetela ngrusak kertarta
silaning yudapraja
anenuntun tetah dudu
kathah siswa mrih ruhara.

22. Donya ingaran pati
tembe ingaranan gesang
kajabariyah tekade
kadariyah mangsuk angga
reh endraning pralaya
sakabat kang tanpa bingung
majenun ngrusak widada.

23. Paran yogyaning pambudi
kang kapenak linakonon
Sultan matur kula dherek
biyantu pulasthanira
srana prajurit praja
Pangran Modang gya sumambung
puniku kirang sakeca .

24 Yen rinabaseng prajurit
puniku dede wong ngraman
sae den alus kemawon
sanadyan kukum pralaya
saking lambat kewala
kawula sakanca rawuh
samy maninggal lungaya .

25. Kangjeng Rahadyan Bupati
Wanasalam nambung sabda
yen makaten kula mopo
nyulayani tatapraja
tindaknya janmi byuha
nglairaken ukum saru
antuk dhendhaning bawana .

26. Pejahnya janma tan kenging
mahywa saking palacidra
reh wonten jenenging kraton
kedah ratu karya prentah
mupakat katimbang rat
katimbangan yen tan ayun
dadya nawala wasesa.

27. Kenging tinelasan awit
mogok dhawuhing narendra
punapa marginya dados
wus dhawah serat prampungun
winisesa sakarsa
boten kenging songkol penthung
sah tibaning kukum pejah .

28. Reh punika bangsa wali
kalebet agung uliya
tan kenging swiyah sedane
nadyan kang kaleres ngisas
kedah sami pangkatnya
mekaten piagem ulun
byakta met prajangi byuha.

29. Yen boten mekaten Gusti
cingkrang jejering wiradya
pun patih sadarpa mopo
nistha donya ngakir siksa
den geguyu buwana
surya candra susup-susup
ngereng-ereng adil kerta .

30. Lamun yun kacidra nguni
sampun ngaturi narendra
dhedhemitan inggih dados
nanging maksaa tumindak
manawi waris gugat
sinten mangentar saestu
antuk wasisaning praja .

31. Mila prayogamba Gusti
paduka paring nawala,
wasesa caraning kraton
patih pangulu lan jaksa
samyak tur tandha-nama
tetep krampunganing kraton
makaten reh witaradya.

32. Narendra pethuk ing galih
sedaya mukmin uliya
memuja-mantra rumojong
aturnya nayaka-waktra
tetes met waton byuha
Jeng Sultan sigra dhedhawuh
karya nawala wasesa .

33. Juru-panitra tinuding
gya manurat waton adat
lepiya kuna-kunane
tantara rampung panitra
katur rekyana-patya
nulya konjuk Jeng Sinuhun
kapriksa tembayeng sastra .

34. Penget nawalanira Ji
Sultan Adi Natagama
Bintara mandhireng kraten
dhumawuha pakenira
Pangeran Sitirekta
ing Krendhasawa dhedhukuh
liring srat jeneng manira .

35. Tampi aturing pra elid
kang kumpul prajeng Bintara
sartane wus mirengake
paturaning Wali-sanga
pakenira mindaka
nglebur silaning tumuwuh
nyenyampah dinil Mustapa .

36. Mangkya karsaning para lid
biyantu jeneng manira
ingsun timbali tetemon
mring Demak mangadu rahsa
barenga duteng praja
yen mopo nora umestu
wasesa pagas lungaya .

37. Titi wahywaning srat Pati
Bintara kaping dwidasa
Jumadilakir taun Be
Tumpak ing candra sengkala
Nir Jalma Catur Tunggal
katandhan Sinuhun Prabu
Sultan Adi Natagama .

38. Wusnya nata anandhani
patih pangulu lan jaksa
samy mestu teken kabeh
wilapa kabungkus sutra
jenar dadya pralambang
kenging rukun kenging rampung
gya katur Jeng Sunan Benang.

39. Wus tinaman gya anggali
kang sayogya dadya duta
ngampil karampungan srate
sastra nawala wasesa
Jeng Sunan Kalijaga
umatur prayoginipun
kanca sadaya lumaksa.

40. Angandika Jeng Mahribi
lelima bae utama
gawa sabat dhewe-dhewe
siji jebeng Sunan Benang
loro jebeng Malaya
telu kaki Pangran Ngudung
kapatnya Pangeran Modang.

41. Lima Sunan Geseng kanthi
sabat muridnya sadaya
de Pangran Bayat neng kene
tunggu masjid lan Seh Dumba
Sultan saabdinira
kondura ngreksa kadhatun
yen muridnya Jenar ngroda .

42. Paksa baring lir kang uwis
prajurit wira-tamtama
konon nganglang esuk-sore
rumanti yitneng prajarja
Kangjeng Sultan sandika
gya kondur sawadya mestu
patih sampun kadhawuhan.

43. Werata para bupati
kinen yitneng kartibaya
Seh Jenar sabat muride
ucapen gangsal uliya
wali sampun sumakta
bekta santri patangpuluh
bidhal dhateng Krendhasawa.
44. Elur nganggo sarwa putih
samyang nyangelit jambiya
gangsal wali ngarsa dhewe
Sunan Benang pangajengnya
tantara enggal prapta
aneng Krendhasawa dhukuh
jujug wismeng Pangran Jenar.
45. Kapareng lenggah neng masjid
lagya mulang para sabat
kang lagya nyar manjing tarek
estri-priya jejel rangap
saking mancanagara
pinuju ingkang cinatur
dadine bumi-akasa.
46. Saking tapsir Kaelani
nulya wali gangsal merak
neng pante langgar nabde lon
tatakramaning ulama
Kangjeng Wali lelima
sarwi salam ngalaikum
Pangran Jenar tan nglegewa .
47. Eca denya marid ngelmi
lawan sakabat sekawan
wali-wali tetamune
dera pasrangkara arja
Pangran kendel kewala
sigra Sunan Benang mlebu
buka pintu langgar menga .

48. Wali gangsal samya manjing,
pra murid neng panti jaba,
lenggah tan ana swarane,
Seh Jenar maksih memejang,
kang swara cetha sora,
tan maelu mring tetamu,
gya Sunan Benang ngandika.

49. Heh jebeng lerena dhisik,
sun dutaning pengadilan
kinan kapanggya ring kowe
karsanireng Wali-sanga
biyantu Kraton Jawa
lah iki nawalanipun
enggal sira tampanana.

50. Pangran Jenar tan marduli
eca denira jejawa
gya serat inguncalake
tibeng pangkone Seh Jenar
maksa api tan mriksa
kang serat cinandhak gupuh
dening Sunan Kalijaga.

51. Gya wecana sora titi
tembayeng sastra wasesa
purwa madya wasana tek
Pangran Jenar tan miyarsa
Jeng Benang angendika
sarwi ngasta tanganipun
heh Jenar kang lagya laya.

52. Menenga ingsun tuturi
gya leren Pangran Lemah bang
pasang karna mirengake
dhawuhnya Sinuhun Benang
lah mayid praptaningwang
sakanca dinuteng kukum
pangadilan ing Bintara.

53. Kinen nimbali sireki
srana nawala wasesa
rukun rampung dina kiye
yen mopo tanpa pidana
yen sandika raharja
adu surasaning kawruh
mupakatan Wali-sanga.

54. Pangran Lemahbang nabda ris
heh Benang nimbali kita
marang Bintara sun lumoh
nora kabawah kaprentah
kejaba jroning manah
kang dhedhawuh sun mituhu
liya punika tan arsa.

55. Sabab mayid padha mayid
pagene nganggo paprentah
wong nora ana bedane
padha tan weruh Hyang Suksma
tan pae nembah asma
de kumawawa kumingsun
dhawuh samining guthika.

56. De sira yun ngadu elmi
ngususaken gilut rahsa
payo aneng kene bae
janji wewaton musakap
kitab alam ibarat
nadyan anggitnya wong layu
ingkang nganggo padha laya.

57. Pangran Modang nambung angling
heh kakang Seh Siti Jenar
lah punapa patakone
donya ingaran pralaya
benjang nama jiwita
coba manira nedya wruh
lairna wirayatira.

58. Pangran Lemahbang mangsuli
heh Modang prastawakena
tandhane urip lapale
kayun daim layu muta
abadan tegesira
urip jumeneng tan layu
abadan salaminira.

59. Dene mangke jeneng pati
jarwane kitab Talmisan
heh rungokena rapale
wal mayid alam! kobra
yajidu wakaliba
mayid aneng alam-kubur
anemu awak-awakan.

1. Mila kubur sun gonken samangkin
awit urip kita nemu wanda
wujud kawadis mangkene
dene plangeranipun
alngalamu kulu mujidin
saben alam-kuwanda
de ngong yen wus idhup
tertamtu nemi angga
yen manggiha katon tiningalan mangkin
kusus catur manira.

2. Boya samar ingsun besuk urip
nora ngawur sapunika pejah
uripku cangkrameng kene
anemu jisim wujud
balung sungsum otot myang daging
getun kesasar pejah
penasaran agung
godha-rencana blis setan
pira-pira neraka runaket jisim
balenggu rante wedang.

3. Getun temen dene kita mati
nganggo pancadriya sipat anyar

weteng jerowan angame
ngelak ngelih katempuh
lara-lapa kajibah mami
getih daging nunutan
tar wun dadya lebu
luru ingon saben dina
besuk lamun ingsun urip pesthi kari
tanpa kena ginawa.

4. Akeh temen rencananing pati
anak-bojo bapa-biyung sanak
kabeh dadi godha gedhe
seje karo wong idhup
tanpa apa amung pribadi
nglak-ngelih lesu nora
mung mupangat nutuk
Sunan Geseng nambung sabda
heh Seh Jenar iku tan kaprah sireki
bener kalah tan lumrah.

5. Kang mupakat dalilmu wong mati
nemu awak benjang neng akerat
kang tanpa ganjaran tembe
swarga-nraka sing wujud
kang nampani ganjaran akir
esthimu harda salah
ny'ayani pra jamhur
kitab Kuran Tanah Ajam
prapteng Jawi sinung murad mring munasip
alam-besuk kasiksa.

6. Anenarik tyas tameng dumadi
ywa nerajang budi kadurjanan
masjid dadya kijab gedhe
manembah ring Hyang Agung
ngegungaken keraton Widdhi
supaya kyeh widada
dadining tumuwuh
ngeker durtaning agama
raja-kaya kewan wana samodradi
nora karya duraka.

7. Anging janma manungsa kang juti
jeneng ala kahananing donya
kabeh janma saantero
kamulyan uga manus
mangka sira ngantepi budi
kalurung durheng gama
brastha sembah-sujud
nyenyampah hambaning tama
wus byawara warata wedi ring Gusti
sumebar tyas susela.

8. Mangke sira babar kawruh pingging
ngabaraken mejang elmu nasak
temtu kajurang lakune
krana donya kotemu
katon ala tumular warti
mratani cakrawala
jagad anggeguyu
ngerang-erang marang sira
kawruh donya kang katon sira singkiri
tansah ngrabaseng karsa.

9. Seh Sitibang mesem-mesem ancling
Geseng caturmu tan payu sigar
bribil sawiji sun emoh
padene wali ngasruh
catur methit saluhur langit
kotunjang brangkang nglongan
sanatimu luhur
ingsun wus tutur bab donya
enggon nraka duka-cipta panas-perih
wruh kabeh wong pralaya.

10. Wus enggone paran kita mungkir
sanadyan Jeng Mukammad ing kuna
antuk siksa nraka gedhe
kaburak mlayu nyingup
nyingit manjing guwa tana wrin
saking delape sungkan

mulih marang idhup
gumlar donya owel eman
emoh ninggal blubut luwung aneng bumi
seje lan Sitirekta.

11. Rina-wengi nangis ngeling-eling
getun temen lameng sun kesasar
mring donya mati mengkene
anganggō daging-balung
nunggang kreta payungan sakit
neng kasar kinebutan
awak sruwa kaku
tur wardayanipun susah
mikir-mikir sarwa kurang kyai pikir
tetep donya-naraka.

12. Sunan Ngudung pasrangkara aris
heh ta paman Pangran Siti Jenar
benemu tekadmu dhewe
amung gedhening luput
sira wani-wani meniarid
mejang eimu kadyeka
wong kang tanpa manut
bubrah harjaning pranata
akeh janma nekad ngupa dalan pati
reh tembe nyipta gesang.

13. Marga-marga pasar-pasar tintrim
muridira karyarda ruhara
kapethuk wong nekad bae
rehning donya na ratu
wenang wajib bengkas duskarti
kang kadya siswanira
samya keh kapikut
tinanya jawab tan krama
pinanjara aneng sepir nglalu pati
wus pira-pira janma.

14. Marma ingsun sakanca tumrapti
wus kajibah bangsaning uliya

nyirep tekadmu mengkonono
aja kebanjur-banjur
sira mangke dipun timbali
dening Sultan Bintara
iku suratipun
karan nawala-wasesa
lamun mopo wus kena ingsun ngrampungni
jabut lungayanira.

15. Wasesaning ratu trang Hyang Widdhi
reh wus mupakat para bijaksa
sarak yudanagri awor
dadya rad juga rembug
mutus nalar kadya sireki
beguguk bangkang karsa
bebaluhi dudu
hawa durtaning prajarja
jaman mulya temah ruhara wit dening
Jenar klakuwanira.

16. Sunan Kalijaga manabda ris
hèh Siti Jenar sun ringkes kewala
akeh padu tanpa gawe
mung loro lakunipun
lah pilihan sawiji
urip kalawan laya
ywa mangro karepmu
Pangran Lemahbang sru tanggap
jindho gawe sapa gelem pilih mati
mati sugih druhaka.

17. Ingsun milih urip kang tan mati
balik langgeng ora iki-ika
nanging yen milih sun emoh
nadyan sun karsa idhup
ya sakarepingsun pribadi
tan nganggo Wali-sanga
ngulihake mringsun
kaya dudu mukmin tama

wong yun urip jaluk tulung mring sesami
lah mara saksenana.

18. Ingsun mulih pribadi ring urip
Sunan Benang sumabung wecana
Jenar kapriye kanthane
apa kang kanggo mantuk
lelantaran dalan ngendi
mesem Pangran Lemahbang
kowe wali cubluk
adhemen gumlaring donya
lamun Siti Jenar bosen nora apti
wus lantih dalan gesang.

19. Yen si Jenar nutup banyu-urip
bangsa nyuda tirta kang nirmala
banyu-kayad cara Rabe
sajratul makripatu
cacah telu ping telu siji
gunggung sanga tirmaya
mratani sakojur
katelu mumpuni karsa
nomer juga perlu wruh luwih premati
telu purbaning kodrat.

20. Nomer loro kodrat dayeng urip
yen kinukut budaya subrastha
nomer tri telu cacah
pandulu myarsa ambu
dayeng tirta kayad murbani
pancadriya susawa
kampulnya katukup
uning-unong uningena
pintu telu kagulung dumadi siji
jumeneng suksmantata.

21. Warnanira ijo-biru wening
maya-maya lir bun tempuh surya
yeka purbaning para wong

bangsat bajingan kecu
kere ngemis nglempre neng margi
padha lawan narendra
wali nabi jamhur
tan siwah yayah kalpika
ngudrat purwa madya wasananing urip
ing kang murba-masesa.

22. Dudu daging balung getih kulit
dudu eroh napas beneh nyawa
eling angen-angen dede
tatkala ngendranipun
saking karsa kasasar mampir
nemu wanda manira
pati aranipun
cangkrama wujud gusthika
mung rasane wus yayah rahsaning urip
uninong uningena.

23. Cacah sanga tumengkaring wali
Wali-sanga dijejeri nama
dhewe-dhewe kaya kowe
nanging sira buh mau
sun pestheken durung mangerti
jaba Seh Maolana
Sunan Benang embuh
embuh denger embuh ora
Sunan Kali mung rasane bae uwis
sanga nora uninga.

24. Jer iku kang karan uwoh kuldi
Nabi Adam kadukan caluthak
manan woh kuldi lir ingong
sanadyan para manus
kabeh padha tau ngicipi
temah kasiku kita
wahyeng donya nemu
sawarga lawan neraka
aran pati lan rasakna para wali
bingung sajarwaningwang.

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEBUOPAR

25. Awit kowe weruhmu mung siji
dene ingsun telu babar pisan
yeka woh kuldī rasane
banyu-kayad ranipun
kang cangkrama murba kawadis
manusa nora bisa
møbah-mosik muwus
Jumenengnya pancadriya
saking tirtamaya suryaningrat jisim
gunawan wibisana.

26. Barang apa katibanan mosik
budayeng tirtamaya lwih kuwat
getih daging nora bosok
napas jumeneng tulus
kadum sanga midraweng jisim
jamaknya dadya tiga
jroning siji telu
Sunan Benang nambung sabda
heh ta Jenar pajarna sawiji-wiji
cocoknya lawan kitab.

27. Paran denya ngracut siji-siji
satemene sun durung waskitha
ngleksanani gawe
prapteng telenging banyu
kodrat sirna panulak silib
temah nora kuwawa
dibyeng kayad banyu
Pangran Jenar mesem nabda
layak kowe kelingan budining santri
nistharda tanpa krama.

28. Nadyan bisa pasthi tuna-luwih
luput-luput kerup panasaran
weruh barang sarwa aneh
sesotyā mas umancur
rajabrana boga mawarni
jer pangerthimu salah

ngimpi kang kogilut
terkadhang nora supena
wus mengkono santri gundhul lurus pokil
bungah ana sedhekah.

29. Heh kabeh kang neng kene pra wali
prastawakna pangracutingswa
kodrat lawan iradate
aja nganti tumpang suh
akul mukmin saru yen mulih
tan wun dadya pocapan
yen kleru pamugut
marma akeh wong sekarat
kodrat durung sirna angen-angen menit
purwane jempalikan.

30. Ana maneh sekarat macicil
pandirangan jlalatan lir kampak
yeka salah pangracute
tandha wong durung tau
anglakoni rasane pati
mulane wajib wenang
wong sinau ngunjuk
nginum dhewe nora bisa
wali mentah nginum tanggane wasis
poma aja mengkana.

31. Sunan Geseng nulya nambung ancling
sok makaten kakang Siti Jenar
kathah wong klentu yen layon
sasar kelantur-lantur
pancadriya masih rumati
pepak cangkrameng murda
napasnya kagulung
angen-angen wus rumangsa
nadyan loncat banyu kayat dereng apti
dadya manggya sarwendah.

32. Tamtu den anggep jana tunangin
kerup karem angen-angen murtat

kabudayane meh layon
seneng donya tumuwuh
cipta-rahsaning pikir
kuripan donya nikmat
puniku tyas buruh
bujang kang dhemen klayaban
tan amaksi tembe urip nora mati
donya puniki nraka.

33. Leres kyai Jenar kula esthi
sojar tuwan mutakad mukminkas
sayogya dadya pangilon
tar kumasi wallahu
donya campur kawula-gusti
kawulane neng swarga
gusti neng nraka gung
Pangran Jenar nabda sugal
hus sireku Cakrajaya mukmin lamis
yen nyata payo gesang.

34. Yen tan gelem sira sun jak urip
bareng sadina iki heh Cakra
tetela budimu remeh
gumunggung karan jamhur
waliyollah den aji-aji
jinunjung winiwaha
mring wong Buda cubluk
yen gelem saiki sira
sun jak urip tetep mukminngil malahi
tegesi wruh Pangeran.

35. Kagyat Jeng Sunan Kalijaga maksu
tetela trang Sunan Geseng nedya
mestu Jenar mutakade
duka sadalem kalbu
mring Ki Geseng sarwa netrandik
tumungkul Cakrajaya
wrin semuning guru
deduka pasang sasmita
harda getun Sunan Geseng tobat sarwi
nangis mahywa swanita.

1. Warnanen kang lagya layar
Seh Siti Jenar amusthi
nutup nupus napas-napas
panggulungnya rahsa muksis
ngukut munggeng dimagi
gyan kayad kayun mumpakun
pecat yayah cancala
pleng pulastha Jeng Sitibrit
wus tan kena kinira kacakrabawa.

2. Tetep pratelaning Kuran
hidajakka ajalidin
layatah kiru sangatan
tegesi rapal puniki
tatkala prapteng pati
tan darbe karsa samenuk
mengkono kodrattollah
kang muktasbilla alatin
tan ketara Ijrail angambil nyawa.

3. Gangsal uliya sung salam
Jenar wus tanpa mangsuli
tetela dadya susawa
Jeng Benang ngandika aris
mring Kalijaga yayi
bangke bungkusen kang brukut
wali-catur tumandang
anggulung sekala tartib
kawuwusa sabat Jenar catur siswa.

4. Kang munggeng sadalem langgar
samyang matur ing pra wali
Kyai Bisana pangarsa
heh wali wruha sun iki
yun labuh guru mami
neng kene barengan lampus

neng kana bareng gesang
puluh-puluh wus pinesthi
kene-kana mati-urip kumpul juga.

5. Payo santri saksenana
kita nutup banyu-urip
ingsun uncat saking bathang
yen wujud sipatulkadim
kang langgeng jeneng urip
lah tirunen panutupku
reh sira wali majas
lima pisan durung muksis
gegurua patrapku nganyut kang nyata.

6. Heh Benang Kudus Ki Jaga
Modang Geseng kang nastiti
pangukutku awasena
supaya mirid sathithik
ring Jenar guru mami
kang putus pramaning idhup
nulya sabat sakawan
nepak made asta kiri
ngayuh tirta-maya plas dadya gushika.

7. Sigra kabungkus sadaya
nganggo wastranya kang lalis
dadya bangke cacah lima
Sunan Benang ngandika ris
mring Seh Mlaya heh yayi
jinasah gawanen metu
bangkene Siti Jenar
kewala sun gawa mulih
katur naranata lawan Wali-sanga.

8. De catur sabat pasrahna
wong kene kang darbe waris
sarta yayi jarwanana
tata silaning agami
Islam mestu wong Ngarbi

lah wahywakna mujjadmu
supaya padha nrima
patine wong papat iki
anganangi dredah timbuling prakara.

9. De sabatmu kabeh padha
dhawuhna tata mranti
pante-sawa dinggo gawa
mayid Jenar marang masjid
sandika Sunan Kali
mahywa tata-tata matut
piranti pante-sawa
sumapta pangupa kardi
bangke Jenar medal dinunung bandhosa.

10. Sunan Benang Pangran Modang
Pangran Geseng Kudus mijil
saking langgar Sunan Benang
mayid kagotong neng ngarsi
kan g wuri samya dhikir

samantareng lelayu
Jeng Mlaya teksih tengga
bangke sabat Sitibrit
animbali warisnya jalwestri priya.

11. Jeng Sunan Kali ngandika
heh wong kene jalu-estri
iki mayid tampanana
para warise pribadi
aja getun sireki
pasthi karsane Hyang Agung
janji tan kena owah
saiki tekaning pati
para waris samya pasrangkara arja.

12. Heh Seh Mlaya wruhanira
sun suka tan darbe sedhik
dene ing mangke wus gesang

nora ingsun anututi
seje budining santri
grejegan nyawane jabut
angepe suka-bungah
yen awake dhewe suthik
aneng donya papriman anggere gesang.

13. Nulay bangke tinampunan
maring warisira sami
catur wus pinaripurna
tan ana den sidhekahi
gugu weling duk maksih
warnanen layon kang mlaku
kang kagawa mring Demak
tansah puji samra dhikir
wanci mahrib jujuk srambi masjid Demak.

14. Pepak pra Wali-sanga
Seh Maolana nabda ris
heh kanca mukmin sadaya
bangke punika prayogi
kadunungna jro masjid
reh tengadur wanci dalu
benjang-enjang kewala
pinaripurna lir kang wis
bengi iki payo padha rineksa.

15. Lan ngenteni jebeng Mlaya
sigra den angkat tumuli
sinung made-pangimanan
tabelanya Seh Sitibrit
tantra Jeng Sunan Kali
prapta genira kautus
bakda mahrib satata
Wali-sanga ngreksa mayit
Sunan Benang denny lumaksana.

16. Mangentar oliya murtat
Seh Lemahbang kang wus mati

aturnya murwani dadya
wasana titi lestari
ring Jeng Sayid Mahribi
nglairken panrimanipun
sarwi alon ngandika
he ta kanca benjing-enjing
angaturi Sultan panguburnya Jenar.

17. Ing mangke payo rineksa
ngiras sunnat puji tahbir
mangkya bakda salat isa
sedaya pra wali inggih
lagyeca salad witri
ana ganda marbuk arum
merdu kasturi jebad
lir menyak rum tanpa coli
ngambar jroning masjid Wali-sanga kagyat.

18. Ngandika Seh Maolana
heh kabeh sagung wong santri
kang neng jro masjid metuwa
mulih ywa na keru siji
kejaba para wali
sawiji aja na mantuk
ngreksa kang mayit Jenar
wusnya bubar santri-santri
gya tinutup wiwara kinancing kekah.

19. Mung kantun Wali sesanga
Maolana nabda aris
heh payo kanca sedaya
iki mayit den priksani
paran wadine jisim
de mawarda ganda arum
merdu kagila-gila
nulya krendha den ungkabi
duk kapriksa bangke katon lir candrama.

20. Tur mawa wangkawa liwran
menuhi sadalem masjid

asor malading panjuta
nuksmeng rina bra nelahi
tranginas pra wali
bangke linenggahken gupuh
sadaya Wali-sanga
manambah manguswa mahit
tekweng jempol suku kacucup werata.

21. Gantya-gantya pangarasnya
gya manjingken tabla malih
nanging Jeng Seh Maolana
kipa-kipa tan marengi
heh kanca-kanca mukmin
mangke pamikir sun tuwuh
yogya mahywaken srana
akal dadya sintru lair
kang supaya aja na kang kelu cipta.

22. Ring klakuwane si Jenar
nietu kramatnya linuwih
Mlaya mahywakna pandhega
dadya pangilon ing wingking
si Jenar karsa mami
sun kubur ywa na kang weruh
neng ngisor pangimanan
mujur ngulon ingkang rempit
de jro tabla becik liniru srenggala.

23. Jebeng Kudus ngupayaa
kirik gudhig wengi iki
sandika Jeng Ngudung mentar
Wali-sanga kang neng masjid
karya kaluwat dadi
jero jembar mamet ukur
tantara Kudus Pangran
pribadi ngupaya anjing
kalerešan kirik kuru lorek abang.

24. Sajuga wus kaperjaya
binakta manjing ring masjid

katuju kluwat wus dadya
binopong bangke Sitibrit
dening sedaya wali
lineboken kluwat sampun
inguruk wus sampurna
warnanen kirik kang gudhik
sinung tabla tinutup payah guthika.

25. Rineksa sadalu natas
ring Wali-sanga byar enjing
bakda subuh pra ulama
mijil lenggah ing surambi
prapta sagung wong santri
wruh kabar Jenar kapikut
sumahap pira-pira
rare gung-alit wus prapti
nadya nonton peputusaning prakara.

26. Plataran masjid lir pasar
tumulya Kangjeng Mahribi
ngandika mring pra uliya
gangsal kang lumakyeng tuding
amundhi nawala Ji
wasesa mikut Seh Lempung
rehning wus kaleksanan
karsanya kinen tur paksi
saanane prakara kang wus kalampahan.

27. Heh jebeng Benang Seh Mlaya
Pangran Modang Kudus nuli
Geseng mlebuwa mring pura
tur uning srinarapati
sandika kang sinung ling
gangsal lumaksana gupuh
tantra prapteng wiwara
ing Danapratapa manjing
amarengi Kangjeng Sultan siniwaka.

28. Punggawa gung-alit pepak
bupati panewu mantri

tuwanggana kawireja
kesaru ulama prapti
dumrojog tanpa wigih
kagyad narendra jog tumrun
saking sana-sewaka
ngacarani gangsal-wali
samyata tata lunggyeng ngarsaning kyapatya.

29. Sri pratistheng ampar-rukma
wusnya kramaning ulami
Jeng Sunan Genang ngandika
heh jebeng srinarapati
sun kanca lima uwis
mituhu dhawuhing ratu
ngampil sastra-wasesa
mring Seh Lemahbang wong mesrik
wus sun gawa nanging padhem reh tan arsa.

30. Temah mangke neng bandhosa
samangkya taksili neng masjid
dumunungjro pantesawa
dhawuhnya Kangjeng Mahribi
Sultan enggala prapti
paring kurnat jujuk kubur
pangluwarnya si Jenar
Jeng Sultan sandika inggih
nulya tindak patih pangulu lan jaksa.

31. Prapteng natar srambi para
ulama tumrah ngurmati
Sultan lenggah saha wadya
nulya sesalaman wradin
wusnya so Seh Mahribi
ngandika Sultan wruhamu
panguburnya Sitibang
sun petak sadina iki
aneng kulon masjid kumpul pra ulama.

32. Jeng Sultan biyantu karsa
tabla gya binekta mijil

para santri cukat ngangkat
sumeleh samade srambi
nata patih darbyapti
kabuka yun wrin kang wujud
tutup krendha den angkat
kagyat narendra pra mukmin
duk nupiksa jro krendha bathang srenggala.

33. Gudhig kuru lorek abang
sadarpa ngungun ing galih
kابه santri tebah jaja
santosane gama Ngarbi
wong mukir dadya kirik
dipaning kusuma dhawuh
wreka jroning tabela
kinen gantung madyeng margi
perapatan supaya dadya paesan.

34. Nata dhawuh juru-sastra
karya ondhang-ondhang maring
siswantara Pulo Jawa
kabar sajarwa weradin
mindraweng bumi-bumi
tirah cakrawala kempt
wus yayah Serat Babad
sandika empu jru-tulis
tan antara dangu dadya kang nawala.

35. Kanan-kering srat katandhan
gambar sastra dwi nudingi
mengkana tembayeng ondhang
awit kang asma Narpati
Sultan Penatagama
Bintara mandhireng kratun
ing Jawa lan ing Sundha
wus myrsa turnya pra mukmin
paring dhawuh sarupaning bangsa Jawa.

36. Tan kena nyampah agama
memaoni ngisin-isin

kaluhuraning dat-mulya
myang panembahing Hyang Widdhi
prapteng kiyamat benjing
tumindak tan kena lebur
sing sapa wong kang murang
sarengat rasullollahi
bagya antuk kisas adiling prajarja.

37. Lan dhendhane dat kang mutlak
kang sarupa Seh Sitibrit
murud layang jisim dadya
asu abang lorek gudhig
ingkang kagantung iki
Pangran Jenar warnanipun
titi srat ondhang-ondhang
katandhan Jeng Sribupati
Sultan Adi Panatagama Bintara.

1. Tumindak karseng narpati
dennya gita serat ondhang
sona cinancang gulune
neng luhur margi prapatan
katemplekan srat ondhang
supaya akeha kang wruh
dumadya kaca-benggala.

2. Ing tembe ywa na kang mirib
klakuwanira Seh Jenar
marang sarengat maido
kang gumlar narik sutama
semana wus werata
kasub kasumbageng catur
Jenar mati dadya sona.

3. Midraweng rat nyakrawati
mancapraja desa-desa
alas gunung wrata kabeh
wus dangu antaranira
bathangnya sona abang

mudhun wus kapundhut wangsul
sinung jroning krendhasawa.

4. Dhawuh kinubur lir mayit
pratistheng kulon Mukaram
tanpa kurmat pangubure
semana wus paripurna
kuburnya Siti Jenar
bangke ingkang dadya asu
neng kulon masjid gonira.

5. Rampungnya pangupakarti
pangubure sona abang
Jeng Sultan sapunggawane
pepatih pangulu jaksa
nulya nata ngadhatyan
pra punggawa bubar mantuk
warnanen muridnya Jenar.

6. Sajuga lagya ngon kambing
wasta Ki Lunthang Semarang
mireng tumularing wartos
yen Pangeran Lemahabang
sedane dadya sona
kagantung prapatan lurung
pandhegane Wali-sanga.

7. Ki Lunthang ngartikeng galih
iyatalah guruningwang
kinarya tontonan ngakeh
keneng krenahing musibat
santri gawe kiyanat
supaya ngelmune payu
ngala-ala kawruh liya.

8. Sajeg jumbleg sun durung wrin
jalma mati dadya sona
mung akale santri bohong
ragane dhewe sampurna

mring kerat gawa bathang
ciptane mring sawarga gung
nemu barang kanikmatan.

9. Lumrah banget santri nisthip
nistha lakuning pralaya
ginawe mulang muride
kang kranjingan nganti ngedan
ngarep-arep sawarga
endi nyataning swarga gung
yen santri semaya benjang.

10. Besuk nek wis tekan pati
bisa temu karo Allah
aneng swarga panggonane
widadari ewon jaga
kang mengkono ulama
dikon dumuk embuh mau
iku wali ngayawara.

11. Yen saiki durung uning
besuk maneh yen weruha
kang nora ana nyatane
nadyan santri bisa pana
manggon neng nur Mukammad
ana santri manjing suwung
wang-wung kang kaya wong'nendra.

12. Anaring ngadebun dambi
brutune dhewe suwarga
ana manjing jagad kiye
kang kothong dadi hurara
saweneh manjing rahsa
nyawa' wahya saking kakung
manjing kasapah narendra.

13. Dalane wus den liwati
lembut sungil dadya bocah
mimil saking ratu gedhe

apese jumneng Pangeran
bagya sumilih nata
kang saweneh santri kumprung
utak dinalih suwarga.

14. Ana maneh santri ngemis
patine anuju badan
dadya samrica gedhene
metu saking githokira
jing ring ula-ula
ana nuksma alam-nukus
ana manjing darussalam.

15. Seje kaya guru mami
Seh Siti Jenar mukmin kas
mutakat tur yan lapale
maksu panggonan pralaya
tan ingan ratrinira
antamutu kablamutu
sayujadu ngalimullah.

16. Ngukut sarana pribadi
mring kamuksan wus partiknya
nyatane ing kana-kene
ngelmune agal ngalela
siswa winejang cetha
gampang pangesthining maut
terus terang padhang nrawang.

17. Sun iki Lunthang Semawis
kalebu muridnya rucah
tinimbang santri moncol
sanadyan waline pisan
sayekti durung eram
ana wali tikel satus
payo ngadu kasantikan.

18. Ki Lunthang nulya mring masjid
tantra dangu laksitanta

praṭa tratak srambi ngopres
dlajigan ambanda tangan
ngalor-ngidul rang-erang
mring jenenge Wali-kutub
miwah mring pra santri sabat.

19. Waktunya Lunthang dremimil
wali maksih lenggah atap
kathah muridnya wredha-anom
mabukuh sumiweng karsa
wruh Lunthang tanpa krama
akeh para santri ngungun
angira janma kunjana.

20. Nulya Jeng Mulana Mahrib
ngandika ing Sunan Benang
lah apa dūlunen jebeng
wong ngungkap silaning krama
tur mangerang uliya
Sunan Kali nembah matur
punika sabatnya Jenar.

21. Wasta pun Lunthang Semawis
kang harda yayah kunjana
denira ngrusak krahayon
nguman-uman Wali-sanga
ngunggulken Seh Sitibang
Jeng Mahrib ngandika arum
heh ta Benang timbalana.

22. Apa ta ingkang kinapti
wong ngrusak harjeng pranata
kang wus gumlar ing rat tinon
lawan malih takonana
Sunan Benang sandika
gya marek janma kang muwus
mengkana pangandikanya.

23. Heh sira Lunthang Semawis
angecepres paran karya

trang wuwusmu tanpa gawe
malah nyuda tentremira
luput-luput sriranta
antuk pidananing ratu
lah Lunthang sira linggiha.

24. Ingang liningan gya linggih
kaleres jajar Seh Dumba
neng surambi marep ngulon
jegang Lunthang tanpa krama
lir silaning pranata
Seh Malaya ngandika rum
heh jalma sireku sapa.

25. De lebur yudaning urip
kang tinanya pasrangkara
heh heh dene pangling kowe
nguni wus kumpul lang ingwang
keplek gimer yen kalah
angon ulat mubeng braung
mangke wus dadya ulama.

26. Bingen aranmu Den Sahid
anake Dipati Tuban
mangkya dadya santri gedhe
aran wali alul-ngilma
silaning Gama Arab
layak kowe ring sun tambah
wasta Ki Lunthang Semarang.

27. Muridnya Pangran Sitibrit
misih blilet durung muktas
rapal wulang durung entek
nanging pamikirku lawan
uliya nora eram
angadu diguna kawruh
mati-urip kenyataan.

28. Seh Duma sumambung angling
heh Lunthang praptanta paran

ing kene wuwusmu ngopres
ngungkak leksananing tata
muwus lir balang udan
tan kocathet wahyeweng wuwus
nora wurung dadya wisa.

29. Semak wandane pribadi
sebak panglu saking tinggar
Lunthang bok iya aja mangkono
sun tangguh dudu wong edan
nora angowel badan
jamak lakuning tumuwuh
kudu rumakseng sarira.

30. Sasat ngratoni Hyang Widdhi
ngratoni donya-akerat
temah koalani dhewe
mangka wicaraning miptah
waman ngarapan anas
pakat ngarap parabahu
sing sapa wruh ing sarira.

31. Temen-temen wruh ing Widdhi
wong taklim sepadha-padha
ngormati awake dhewe
sapa pamrih kaluhuran
ngluhurna awak liyan
kale sira ngrusak hayu
nglebur jamaking manungsa.

32. Yen wong nedya luru becik
abuwanga kabecikan
kang sekadar samurwate
met panimbang wajib wenang
ywa tinggal kira-kira
duga-wataraning idhup
mengkono jenenging gesang.

33. Dene wong yun darbe elmi
aja pedhot pamrihira

kitab Akait warahe
mengkono tembayeng lapal
anal ngilma matluba
maklum tegese puniku
wong yun ilmu ngupayaa.

34. Kang mangka sireku musrik
nora pisan ngalap dalam
kang kanggo ing kana-kene
sira mestu Pangran Jenar
patine dadya sona
tan wus sira dadya asu
wus ilang tinggal pocapan.

35. Ki Lunthang sumambung wengis
hus kowe tekad warokan
ngalor-ngidul adol goroh
nuturi wong Buda desa
donya ana Hyang Suksma
singa krungu anut gemblung
mestu ujarmu nyarkara.

36. Endi ana Mahasukci
ing donya-akerat sonya
ingkang ana ingsun dhewe
setun benjing uripingwang
pribadi tanpa rowang
lah ing kono datollahhu
pepasihan dadya kita.

37. Reh sun mati sun wastani
jaba-jero sapunika
kang jro uripku ing tembe
jaba pati sapunika
lah Dumba rasakena
aja gugup sira rengu
pandheganing Wali-sanga.

38. Sun wus mlaya jajah gami
Aprikah Cina Welanda

Alupuru wong Hotentot
Hindhu Butun gama Buda
bangke mulih wreka bang
yeka sadarpa tan gugu
tetep pra wali duskarta.

39. Kang mangka ujaring dalil
Kuran gegandhulaningwang
tembunging lapal mengkene
mumpakun nganil mayitta
ranimun pituraba
tegese pecating idhup
mayit bosok dadya kisma.

1. Getun ngungun pra uliya
kang neng srambi wrin Lunthang denirangling
memancah agama Rasul
kang gumlar narik tama
samy jetung wali sedaya gegetun
priksa muridnya Seh Jenar
kang wasta Lunthang Semawis.

2. Nulya Jeng Benang ngandika
heh la Lunthang sun antep sira mangkin
nglakonana sujud-rukuk
ing reh dinil-mustapa
anandhani rukuning Islam lan santun
mila kudu tumindak kas
temtu sira dadi wali.

3. Sun sakanca kang misudha
anggenteni gurumu Seh Sitibrit
nanging rintan-ratri kudu
nglakoni waktu lima
yen Jumungah nglakoni ring mesjid makbud
anujung dat rabullalam
malikul ing donya-akir.

4. Sira karan wali tama
kang sinilian dening Hyang Mahasukci

nanging wrat patukunipun
sedyambeg paramarta
sabar rila ing donya mangajab hayu
yeka wong dadya ulama
sun wetara sira bangkit.

5. Nglakoni santa-derana
gumyah sagung wali jumurung amin
samya mupakat biyantu
Ki Lunthang kipa-kipta
kirig-kirig getem-getem sarwi muwus
heh Benang yen ingsun sagah
keneng begalaning pati.

6. Pira lawase sun pejah
aneng donya klorehan dadya wali
ing kang saben dina bujuk
ngapus nyedul manungsa
sun wong Islam ing tembe urip tan layu
kinon salat limang wekdal
sun iki dudu wong kapir.

7. Ring masjid saben Jumungah
jeng kang-jengjing manembah suwung sepi
yèn wejanganing guruku
Sitibang marang kita
wong sembahyang nora pedhot rintèn-dalu
heh Benang weruhanira
wahyung napas dadya puji.

8. Lebunè napasku salat
reh pangucap pamyarsa lan ningali
kinèn awas ing pandulu
yeka salat manira
ing kang langgèng sajroning kita layu
ananging maksih kiniyas
mengkonon satengah kapir.

9. Yen bijaksa nawung kridha
tanpa karya wong nembah rabulngalim

jer donya tana Hyang Agung
rehning rumaket bathang
nadyan den cet kemalo tan wurung lebur
mumur mor lemah makaman
paran goningsun ngaosi.

10. Yen jarwane Seh Sitibang
wong sembahyang tan antuk mrika-mriki
nek katekan lara bingung
yen turu yayah bujang
lamun mlarat jaluk sugih nora entuk
lwih maneh lamun sekarat
jlalatan kadhang macicil.

11. Saking sungkan ninggal donya
kang mengkono wong gendheng maring pamrih
prandene santri kepaung
dhikir pan api isbat
nganggit-anggit narupaken datullahu
nuli ana rupanira
iku den anggep Hyang Widdhi.

12. Apa iku dudu sasar
pratandhane ciptane nora panggih
prandensun kinen amakbut
salat karya sarengat
yen Jumungah maring masjid pating kranthuk
memuji Pangeran sonya
dede ngrika dede ngriki.

13. Ingsun kinon makbudullah
den apusi arsa den angkat wali
mung ngaluyur adol catur
luru wuduk rasulan
babon putih bumbu lembar cekoh muluk
sengadine nora mangan
keh iku ratuning kidib.

14. Bok aja mengkono Benang
wruhanamu ing donya iki pati

kang akerat jeneng idhup
langgeng tantara masa
keneng godha sing sapa wong seneng layu
rumaket swarga-neraka
panas perih ngolak-ngelih.

15. Jeng Mahribi Maolana
nabung sabda heh kanca-kanca mukmin
wis aja kakehan wuwus
bab si Lunthang Semarang
mung tarinen bae apa sedyanipun
sandika para ulama
Sunan Ampel ngandika ris.

16. Marang Ki Lunthang Semarang
heh ta Lunthang sira ingsun takoni
rehning gurumu wus mantuk
mring jaman kauripan
mangka sira Lunthang aneng kene layu
lah apa ta nusul sira
ing kang ngater para wali.

17. Ki Lunthang gumuyu latah
tanpa karya wuwusmu marang mami
wong nedya mulih tan ewuh
yen murid Siti Jenar
gampang bae sadurunge wus kacakup
kene wruh rasane kana
kana wruh rasane ngriki.

18. De sira nari maringwang
jeneng pati sakarsengsun pribadi
urip nganggo sakarepku
bab kondurnya Seh Jenar
ingsun nedya labuh bebarengan idhup
kang wus tan kacakrabawa
sedhela mengko sun mulih.

19. Mung perluku mrene iya
yun sidhekah pitutur mring pra mukmin

ywa isin ngalap turuku
cacah telung prakara
kang sapisan aja nindakake apus
kang ninggal duga-watara
mundhak den geguyu wingking.

20. Kang kapindho aja sira
ngrusak barang tinggalan barang dhingin
kayata rontal sastrayu
tulis-tulis neng sela
kayu watu patilasan ywa kalebur
wruhanira bangsa Jawa
budine tan bisa enting.

21. Kang kaping tri bok menawa
kowe rujuk buwangen mesjid iki
sirnakna sarana latu
sun owel turunira
nora wurung tembe kanut mendem kulhu
edan kedanan mring Allah
nganggit-anggit nora panggih.

22. Kana-kana nora ana
temah santri manut mangeran budi
angen-angene Hyang Agung
lir Prabu Brawijaya
tembe ana santri kang mangeran bumbung
galih-kangkung wuluh wung-wang
suwung wang-wung klowong angin.

23. Iku dinalih Pangeran
kang nguripi antara bumi-langit
ana maneh santri bingung
napas den anggep Allah
mlebu-metu amemuji dhewekipun
luwih maneh tembe ana
asmaning Allah pinuji.

24. Jaman iki Wali-sanga
akeh asma pinangeran ting jerlih

neng masjid kabeh kancamu
tur nora wruh Pangeran
yen wong kapir Pangerane bisa weruh
wangsul met wewaton Kuran
Allah tan mruhi wong muji.

25. Allah tan kena sinembah
cecek bae lan guruku Seh Abrit
rujuk Kuran jarwanipun
mokal sira tan wikan
mangibadal lahuduna lasma kupur
tegesi wong nembah Allah
yen dudu asmallah kapir.

26. Waha mangibada lasma
dunnalmakna panana haya lir ning
wong nembah asma tan wujud
temen-temen kacegah
marma poma sira ywa kedawa palsu
rucaten masjid punika
jer sira padha sesiwi.

27. Nurunken terah-tumerah
yen kebanjur turunmu tekeng akir
tan wurung akeh kang kumprung
wedi ring Gusti Allah
wani marang pangwasa pranateng ratu
bubrah rusak akeh nasak
ruwed tataning agami.

28. Wus sun ringkes jarwaningwang
panedyaku yun nusul guru mami
sanadyan urip tan pangguh
pati budiku tunggal
lah ta payo tontonen derengsun mantuk
yen wus mulih salinana
bangke sakarepmu dadi.

29. Kadhal kodhok rase luwak
kucing-kuwuk kang gampang lehmu sandi
upaya sadhela antuk
wangsul sinantun gajah
sun pestheken sira nora bisa luru
reh Tanah Jawa tan ana
gya Lunthang manjing jro masjid.

30. Jujuk ngimbar pangimanan
para wali maksih keru neng srambi
sang Lunthang trangginas mungguh
tirtaning kang nirmala
wus munpakun kayatu donya munpakun
yayah lir kilat tas ilang
gumilang-gilang kang mayit.

31. Kagyad wali kang neng jaba
dupi swara gumebrug kapiyarsi
nulya sadaya lumebu
wrin Lunthang wus palastha
samyu gumun sadaya ulama ngungun
rikatnya endranging laya
gya bangke kabekta mijil.

32. Ibut santri kang tumandang
karya kluwat neng daganya Sitibrit
dupi pangupakara wus
sawa Lunthang den angkat
wus pinethak lir caraning uwong layu
bubaran para uliya
kondur kasaput ing wengi.

SULUK SEH SITI JENAR

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPBUDPAR

Ada seorang Wali yang sangat sakti, yang dahulu berasal dari orang kebanyakan saja. Ia memperoleh wangsit dari Yang Maha Kuasa, lewat nJeng Sunan Bonang yang waktu itu sedang memberikan petuah, mengajarkan ilmu pada Sunan Kali Jaga. Pembeberan ilmu itu terjadi di atas perahu di tengah lautan. Pada waktu itulah Sitibang (nama wali sakti itu) mendengar, bahwa akan lahir suatu ilmu kebatinan baru yang disebut "Tekad Kajabariyah Kadarayah". Artinya mengakui tentang adanya zat atau roh Allah dan selalu ingat akan Tuhan, Tuhannya manusia. Ia mempunyai dua puluh ragam sifat. Ia yang ada tanpa dijadikan dan kekal adanya. Sedang Mukallapahlil kawadis berawal dari bergemanya ilmu yang baru itu.

Adapun Kodrat Iradat ialah ilmu untuk melapis (menekan) sikap, misalnya: sikap tinggi hati atau sombong dan sebagainya. Kodrat Iradat nama ilmu itu seperti dapat diartikan sebagaimana hakekat ke Maha-Tahuan (sifat Tuhan). Murid yang memiliki ketinggian ilmu dengan duapuluh ragam sifat itu berarti ia akan bersatu dengan apa yang disebut memiliki sifat keabadian itu. Artinya suatu kemutlakan telah menjadi sifatnya. Ia tidak ber-Asal dan juga tidak ber-Mula. Demikianlah makna dari pada sifat Allah.

Sitibang beranggapan bahwa Hyang Widdhi itu suatu wujud nyata namun tidak terlihat oleh indera mata. Semua yang ada padaNYA bagai sketsa hidup. Bentuk dan rupanya sungguh tidak tercela, halus mulus dan lurus. Itulah yang nyata dan bukanlah ujud palsu. Artinya: Ia atau pribadiNYA itu tidak dijadikan dahulu lalu baru kemudian "terjadi, itu tidak demikian.

Kata kekal-abadi berarti: tidak mempunyai "berantara" juga tidak berkaitan dengan adanya sakit-enak yang mana terjadi di sana-sini. Jika demikian itulah yang disebut lilkawadissi. Jangkauan maknanya sangat luas. Dan segala wujud, segala sesuatu yang terpampang di dunia ini berbeda dari sifat keadaan dan kejadian di dalam bumi-angkasa.

Kata kodrat, itu kadar maknanya tergantung pada setiap yang memakainya. Demikian halnya dengan agama. Agama, jika tanpa bobot, berarti ia tidak ada wujud kenyataannya. Luar dan dalam sama saja atau menjadi satu.

Sedang Irradat, artinya: kehendak tanpa bicara. Ilmu itu adalah tentang suatu keadaan yang terpisah dari kegiatan panca indera, yang mana jauh melebihi ganasnya pelor kecil yang ke luar dari senapan. Kadar hidup adalah merupakan sarana pribadi yang diterangi oleh keinginan agar menjadi kepribadian. Hidup tanpa jiwa, tanpa sakit atau sengsara, hilang sedih dan selalu gembira, tidak mengikuti suara hati sendiri, itulah kadar hidup yang hanya berkeinginan.

Sech Siti Jenar tahu (bijak), bahwa ternyata cahaya kebijakan manusia itu bisa hebat sekali jika membuat dirinya pun memiliki sifat seperti sifat Tuhan. Sembahyang lima waktu dan berdoa dzikir itu hanya cara manusia untuk dirinya, menurut kebijaksanaannya sendiri saja. Entah benar entah salah, namun hal itu masih belum terlepas dari kesombongan manusia, kesombongan yang bakal merusak keamanan jiwa. Tahukah di mana adanya Hyang Suksma kecuali di dalam aku. Berkeliling ke seluruh dunia, di langit tujuh maupun di bumi, tidaklah aku menemukan makhluk (roh) yang mulia. Di mana-mana serba sepi ke Utara-Selatan, ke Barat-Timur, di tengah, di sana-sini, namun hanya di sinilah pada diriku ini. Bukanlah pada angin atau pada angkasa yang sunyi. Bukan pada daging, pada tubuh dan seisinya, bukan. Bukan pada kotoran, juga bukan pada jantung dan otak, namun pada aku inilah, aku yang terpisah terlepas bebas bagai lepasnya senjata ampuh dari Mekkah-Medinah, yang kulalui.

Bukan budi, bukan angan-angan, bukan hati pula. Lain ingatan lain pikiran, lain pula hasrat dan niat. Udara, angin, napas, adalah kosong dan sunyi. Badanku ini meski bisa juga menjadi sumber kekuatan, namun itulah kelak yang bakal busuk dan bercampur dengan debu. Semoga berkembang luaslah nafas ajaranku ini di dunia, alami, bagai alaminya bumi, api, air, dan angin. Itulah semua hal yang baru.

Rohku yang menjelma kembali sebagaimana penjelmaan Tuhan-Allahku, yakni sifat kemuliaan dan kebaikan, yaitu: jika tidak berkehendak Sholat sendiri, tidak akan menyuruh pada orang lain supaya menjalankan Sholat, atas kehendak hati yang tidak baik,

yang tidak dapat dipercaya, yang bermacam-macam perintahnya, serta yang perkataannya tidak dapat dipercaya, yang mana itu akan selalu mengajak ke arah kejahatan.

Di dalam menjalani Sholat kadang hatiku berpaling, dan di dalam berdzikir hatiku sering menyeleweng, kadang ingin juga amal yang banyak yang berbeda dengan "datulgayabu". Di dalam aku ini yang paling suci, Roh Maullana yang nyata mati seperti aku, lagi-pula tak seperti apapun jua. Maka Sech Siti Jenar menjelma seolah bagai Tuhan, dan menolak jalan yang telah ada. Aku tidak percaya jika hatiku diperintahkan supaya Sholat itu kujalani, dengan jungkir balik di dalam mesjid supaya mendapatkan hadiah kelak, sehingga dapat diterima Tuhan. Sesungguhnya hal itu tidak dapat diterima, sebab di dunia ini semua orang menderita kesusahan, tanpa ada bedanya. Oleh sebab itu Sech Siti Jenar hanya mau mempercayai satu yaitu: Gusti (Tuhan) Roh Maullana. Ia yang mulia, yang utama, sakti dan gunardika murti. Lagipula yang menguasai duapuluh ragam sifat. Atas semua kehendaknya, kuasanya inemulai kepada pengetahuan di dalam kemuliaan "kahar jamal kamal" yang artinya suci tanpa cela. Itulah bentuk wajahnya. Ia lahir dari air yang tidak kelihatan. Ia sakti seperti terjadi di Indraloka. Itulah yang disebut Hyang Widhi. Sech Sitibang merasa wajib menyembah, dengan maksud menyerah (menurut) pada aturan perintahNya. Tekad Kajabariyah terlibat dalam Kadariyah, yaitu lahirnya pengakuran terhadap Yang Maha Luhur secara mantap dan dengan tekad yang kuat. Hati dan pikiran Sech Siti Jenar dapat melihat bahwa dirinya pun bisa dianggap sebagai Muhammad, sebagai Rasul sejati, sebagai Muhammad yang suci dan memulai hidup baru yang erat dengan panca indera. Sesungguhnya hanyalah titipan saja yang diambil oleh yang empunya, akan kembali pada asalnya, menjadi tanah, busuk, hancur dan kotor. Hendaklah hal ini menjadikan pegangan. Pikiran dan angan-angan agar selalu sadar, sebab bersatunya akal pun bisa menjadi gila, mudah bingung dan lupa akan tidur. Perbuatannya banyak yang tidak jujur. Siang malam yang dipentingkan cuma dengki, demi dirinya agar makmur. Tidak peduli akan kesengsaraan orang lain. Adanya selalu iri dan akhirnya menuju kejahatan. Kemudian sifat tinggi hati itu pun jatuh pada kenistaan, dan berarti menodai diri sendiri. Lalu penyesalan baru timbul setelah menimpa diri sendiri. Padahal masing-masing roh itu wajib menyejahterakan dunia, memuliakan adab (budaya) bersama. Badan manusia itu hanya mempunyai satu

bentuk keinginan. Itu pun tidak bisa menjalani satu perintah. Apalagi kalau dua, mana mungkin? Jadi, mungkinkah roh dan akal itu dipisahkan, supaya umat tawakal?

Sech Lemahbang terikat erat pada kebenaran di antara tiada dan adanya kemuliaan. Bagaimana kebudayaan yang mutlak (abadi). Hukumnya memang tidak nampak nyata. Inti maknanya ialah: seperti lepasnya anak panah yang tak tahu dari mana sumber pelepasnya. Demikian halnya dengan hakekat orang hidup beragama. Orang itu akan selalu percaya pada sifat Tuhan yang tak pernah habis kita pikirkan. Itulah kemuliaan Tuhan.

Sebutan nama Allah timbul dengan sendirinya tanpa ada asal muasalnya. Ia sudah ada dengan begitu saja, menjadi sebutan seperti yang sudah berlaku. Ia tumbuh berkembang di dalam pembicaraan tentang Rasul Allah (Muhammad Rasul Allah). Sikap percaya kepada Tuhan, bukan hanya melihat pada kenyataan bahwa tubuhnya hancur lebur menjadi tanah.

Lain dengan kita yang sungguh-sungguh percaya akan Tuhan, Tuhan yang melebihi segala sesuatu yang bertuah, sehingga kita jadi berani untuk mati sekalipun, asal demi Tuhan yang ada pada diriku. Satu hal yang utama, yakni Esa yang abadi dan tersebar di mana-mana, mencuat tajam bagai pelor kecil. Jadi bukan jiwa, bukan nyawa. Juga bukan hidup yang tidak tahu dari mana asalnya dan ke mana tujuannya. Jadilah kebenaran pada diriku, yang tidak kewalahan mengenai kodratku. Meski ke mana saja dan di mana pun, aku tidak akan haus dan lemas, tidak sengsara dalam kelaparan. Jika timbul keinginan untuk menghindarinya, semakin besar keinginan itu, maka lemahlah kekuatan dari jiwa raga. Memang, tidak nampak adanya bahagia yang membekas, sebab bertemunya dengan bahagia itu nanti setelah di alam sana.

Siti Jenar menganggap bahwa hidup di alam dunia ini adalah mati. Bagai suatu malam yang mencipta maut namun sekaligus merupakan permulaan daripada "hidup". Berkatalah Pangeran Sitibrit bahwa ia heran terhadap apa yang dimaksud dengan mati. Di dalam mati itu jika masuk neraka, berarti adalah sengsara, rasanya dingin-panas, kalut, bingung, risih, susah dan serba memuakkan. Itu rasanya di dalam mati. Berbeda akan halnya dengan hidup yang mulia. Hidup mulia adalah terletak pada diri sendiri tidak tergantung pada ayah maupun ibu. Segala sesuatu menurut kehendak sendiri. Bukan tergantung dari angin atau air, tanah dan api. Se-

mua itu adalah semacam rahasia yang dapat mendatangkan bencana dan adanya banyak siksaan yang kita jumpai. Sedangkan Allah ada dengan sifat yang sebaliknya dari itu. Ia selalu mengetahui dan menyaksikan siapa pun yang berbuat tidak benar atau merusak agama. Orang yang bodoh kerdil jiwanya, hatinya diisi oleh iblis dan pikirannya dipengaruhi oleh syetan serta angan-angannya hanya selalu mengarah pada perbuatan yang menyeleweng dari kebenaran. Manusia dapat masuk ke neraka, karena terseret oleh perbuatan indera yang mencakup empat nafsu, yaitu yang dapat disimbulkan dengan warna hitam merah kuning dan putih, berjuta-juta masuk mempengaruhi jiwa manusia. Aku menyesal sekali dengan hidupku. Jika dahulu aku tetap suci dan tidak dicurigai, namun kemudian hidup tanpa arah, tanpa tujuan. Seperti warna hitam, merah, putih, dan entah hijau atau biru nila sampai kuning. Kapan aku bisa kembali pada hidup seperti dahulu, yang lahir tanpa dalam mati seperti di alam dunia ini. Demikianlah manusia yang hidup di dunia dan memeluk keyakinan baru?

Keyakinan baru seperti kodrat yang telah dikehendaki. Sebagai ilmu kebatinan yang menjadi baju bagi pengetahuan tentang Tuhan secara mutlak. Rasanya susah sekali, sebab lima kebijaksanaan yang baik (suci), semua berkaitan dengan seluruh badan ini. Baik itu luar maupun dalam, tak ada yang ikut terbawa untuk hidup di sana nanti. Padahal semua itu tak boleh ternoda, kotor, apalagi sampai berbisa.

Berbagai macam keadaan terdapat di dalam mati. Mati di dunia ini menyangkut dengan kegiatan lima indera. Jika mengikat iman terhadap kepercayaan itu, berarti harus mempunyai dua puluh macam ciri (sifat). Hampir saja keinginan hatiku akan hal tersebut menjadi padam dan membuatku penasaran. Surga dan neraka, semua itu bisa punah dan badan manusia jadi busuk, kotor, amis, bacin dan hancur. Itu adalah telah tersurat di dalam kitab Alqur'an.

Terciptanya dunia ini sangat besar maknanya. Mayat bernyawa berseliweran ke sana ke mari, untuk mencari uang, sandang, pangan dan intan permata. Hingga tak menyadari bahwa semua itu tak ubahnya dapat diibaratkan seperti mayat hidup yang tengah naik kereta bendi. Meski begitu, namun toh tabiat manusia itu angkuh.

Bagi yang sudah duduk di kursi, kaya harta, punya rumah bagus, ia merasa itu sangat membahagiakan. Tak tahukah bahwa se-

mua yang ada di dunia ini akhirnya pasti bakal penuh bercampur tanah? Namun begitu manusia suka menyombongkannya. Alangkah sangat disayangkan. Mereka tak tahu bahwa tubuhnya itu sendiri tak ubahnya adalah bangkai belaka. Namun mengapa manusia sangat merasa mulia akan dirinya sendiri?

Kehendak hati nJeng Sunan Sitibrit, yaitu agar supaya iman kepercayaan itu singgahlah di dalam tubuh manusia. Jika manusia sampai terpeleset, maka ia akan mengalami neraka dunia dan seluruh alat indera (panca indera) tak akan bisa menikmati gemerlapnya dunia serta sebagai penghias jagat raya. Ingatlah, harta benda memang merupakan penggoda bagi manusia yang menyebabkan manusia terikat pada dunia yang mati ini, sehingga akhirnya terjadi kepunahan manusia.

Rupanya sikap hidup Sech Siti Jenar bermaksud menyimpang dari aturan Wali Sanga yang sudah jamak dengan hukum yang mutlak, di mana hukum tersebut semakin menjalar pada pemerintahan. Hal itu sudah termasyur di dalam setiap pembicaraan orang. Ia ingin mengutarakan pengetahuannya yang penting sekali mengenai masa yang akan berlalu, bahwa apa yang tercipta di dunia ini akhirnya akan musnah. Di dalam mati ini surga dan neraka, bahagia dan sengsara bercampur baur jadi satu. Itulah apa yang terjadi di dunia ini. Dengan adanya hukum, menyebabkan kita dihebeni sejak ketika lahir. Sesungguhnya orang yang meninggal itu jiwanyalah yang akan menerima hadiah surga atau neraka. Sekarang hal itu sudah mulai nampak tanda-tandanya. Namun Wali Sanga banyak keliru dalam memahaminya. Dianggapnya bahwa masa sekarang adalah hidup dan nanti akan mati. Padahal Sech Lemahbang siang malam telah membiasakan diri mencari ilmu pengetahuan dalam hal pencapaian muksa.

Adapun siswa Siti Jenar ada empat orang. Mereka itu sudah pandai dan fasih. Yang pertama bernama Ki Bisana, yang kedua Ki Wanabaya, yang ketiga Ki Canthula, yang keempat Ki Pringgabaya. Mereka semua sudah tinggi ilmunya, tajam pemikirannya dan dengan tekad yang kuat dan yakin akan kemuliaan hidup di kemudian kelak.

Hidup di dunia ini adalah mati, di mana di situ terdapat adanya baik dan buruk, sakit dan enak, mujur dan celaka serta surga dan dunia. Semua itu terdapat di dalam hidup yang mati (bertapa) ini. Oleh sebab itu mereka yang sudah mengunyah ilmu ajaran

Sech Siti Jenar, siang dan malam akan mencari hidup agar tahan mengalami derita di dunia ini.

Banyak di antara murid Sech Siti Jenar yang berasal dari daerah lain, bahkan juga negara lain. Mereka itu datang untuk berguru memperoleh ilmunya. Tua muda, pria-wanita berkumpul dan belajar serta mendengarkan ilmu yang dibebankan oleh Lemahbang, seperti yang terdapat di mesjid Mekkah. Untuk permulaan, dibebankan tentang hidup, lalu yang kedua tentang kunci rahasia dari pada hidup itu sendiri. Sedang yang ketiga tentang tempat di mana hidup abadi itu di masa kelak, di dalam waktu yang tak terukur jarak lamanya. Adapun yang keempat adalah maut yang bakal kita alami nanti. Lalu juga diberi pengertian tentang adanya Yang Maha Tinggi, serta terjadinya bumi dan langit. Murid yang menerimanya secara mentah, banyak yang kehilangan akal, lalu membuat kerusuhan pada masyarakat. Mereka bingung, menyepak terjang di jalan-jalan dan bikin susah. Sikapnya sangat angkuh dan congkak, serta tak mau menghiraukan orang lain. Tingkah lakunya serampangan tak menghiraukan perasaan orang. Suka merampas milik orang lain. Sepertinya tak betah hidup di dunia ini. Semua orang yang berjumpa dengan mereka jadi merasa takut mencelanya. Di pasar-pasar, mereka bikin geger dan mencari perkara, agar terjadi pertengkaran dan perkelahian, bahkan sampai menggunakan senjata (keris). Hal itu segera diketahui oleh Sang Raja. Kemudian Raja memerintahkan agar orang itu segera ditangkap. Dengan tangan diborgol, orang itupun lalu dibawa menghadap dan dimasukkan sel tahanan. Akan tetapi di dalam sel tahanan, orang itu berusaha bunuh diri dan keburu meninggal dunia. Lagi pula belum sampai diperiksa dan diperoleh keterangannya apa motif dari perbuatannya itu. Raja memerintahkan agar mencari lagi murid Sech Siti Jenar lainnya yang kini sedang meng-gila, untuk diperiksa dan dikorek keterangannya secara jelas. Hingga pada suatu hari dijumpailah di pasar empat orang siswa Sech Siti Jenar. Mereka itu membikin kacau dan huru-hara. Segera saja mereka diburu oleh petugas dan tak lama kemudian mereka sudah tertangkap, lalu diborgol untuk diserahkan ke hadapan Raja. Mereka diperiksa dan diusut, apa sebabnya sehingga mereka berbuat demikian. Dengan sikap yang sangat tidak sopan mereka itu menjawab bahwa mereka toh mencari penghidupan karena tidak tahan menderita kekurangan.

”Aku ini murid Sech Siti Jenar yang sudah banyak mengunyah ilmu”. Lepas dari segala pendapat orang, ternyata hidup di dunia ini adalah menjalani mati. Aku telah bosan dan jenuh menyaksikan bangkai-bangkai bernyawa yang bertebaran di sana-sini. Di dunia ini hanya dipenuhi oleh mayat”.

Sang Raja dan Ki Patih serta para panggawa kerajaan, semuanya jadi terheran-heran dan tertegun. Para pertapa, Para Wali Sanga, Santri dan para Kyai, semua lalu merenung tak habis mengerti. Murid-murid itu demikian angkuh dengan berani menghina dan menyatakan bahwa kenapa orang mati diajari sholat, menyembah Tuhan dan memuji namaNYA. Sesungguhnya di dunia ini orang tidak pernah bisa melihat Tuhan.

Semua murid Sech Siti Jenar memiliki peradaban tingkah laku yang sama, baik pria maupun wanita suka bikin ribut, sehingga banyak terjadi kericuhan di masyarakat. Mereka dianggap seperti orang gila. Bermacam-macam cara dilakukannya, ada yang sengaja agar terjadi tikam menikam dengan menggunakan tombak atau pedang dengan maksud supaya kembali pada jaman yang menurut anggapannya adalah jaman hidup. Murid-murid yang tidak gila, mereka mengobral bicara tanpa memperdulikan apa-apa, di depan para tetangga. Demikian antara lain kata-katanya :

”Hai teman-temanku, hendaklah kalian mengerti bahwa kalian ini kena tipu oleh karena bualan dari para Wali Mukmin, agar supaya mereka dapat menaklukkan kalian tanpa harus mengeluarkan biaya”.

Mendengar itu Sultan Bintara menjadi sangat tertegun, sekarang demikian banyaknya masalah oleh sebab setiap kali mendengar kabar berita dari daerah lain, yakni ada orang yang selalu bingung sehingga merusak kesejahteraan masyarakat dan merusak peraturan yang telah ada bahkan sampai terjadi peristiwa perkelahian dan menimbulkan kematian. Seolah mereka itu sedang melaksanakan kaulnya, dan orang yang jahat itu selalu saja ternyata murid Sech Siti Jenar. Di hari kemudian Sang Raja memperoleh berita dari Ki Patih sehubungan dengan adanya laporan dari kepala desa tentang adanya kejahatan yang mengganggu keamanan desanya. Ia tidak punya tujuan apa-apa, melainkan hanya mencari jalan menuju kematian. Mereka itu adalah anak buah Sech Siti Jenar. Raja segera berkata kepada Ki Patih.

"Duhai Paman Patih, coba mari kita pikirkan masalah kejahatan itu!"

Raja lalu mengutus orang kepercayaan, supaya menyelidiki situasi aman dan tidaknya desa itu, dengan menyelidiki kelompok orang yang sedang belajar tentang agama islam di dukuh Krendasawa, yaitu di rumah Pangeran Sitibrit. Utusan itu menangkap berita tentang hal yang tidak benar bahwa Siti Jenar itu sedang membeberkan ilmu, menguraikan ajaran yang salah yang berselisih dengan kebiasaan-kebiasaan terdahulu.

